2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-р щымылажьэ гуфIэгъуэ махуэу гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Диным и лъэныкъуэкlэ хуитыныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я Iуэхукlэ» 1997 гъэм фокIадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и пункт 7-м тету икIи Нэщликlыж махуэшхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусlыльмэнхэм я дин Iуэхущлаплэм зэрызыкъытхуигъэзам ипкъ иткlэ **унафэ сощ**:

2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щымылажьэ гуфIэгъуэ махуэу щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкlэ зыгъэзащlэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м
№47-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкlэ зыгъэзащlэ КIуэкIуэ К. В. Нэщlикlыж хьыд махуэшхуэм и щIыхькlэ цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусlыльмэнхэм сохъуэхъу Нэщlикlыж хьид махуэ лъапIэмкIэ!

А махуэшхуэм къыздэкъ мамырыгъэрэ зыуэзщlыныгъэрэ, къэщIэрэщIэжныныгъэм къыдэкIуэ дзрэжэгъуэр, ухуеущий гуапагъэмрэ гумащIагъэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусlыльмэнхэм сыт щыгъуи къагъэпIагъуэ къыддекIуэкI хабзэхэр, унагъуэхэм илъ зэхущытыкlэфIхэр зэрагъэпытэщIэр, ахэр жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтщ, апхуэдэуи цIыхухэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэмрэ зызэхущыкlыныгъэмрэ гъэбыдэным гулытэ хэха хуащI. Шэч къытесхьэркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусlыльмэнхэр дин зэмылIэужныгъуэхэм тетхэм яку дэлъ зэпыщlэныгъэхэм зегъэужьыным, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ республикэм щыгъэбыдэным дяпэкlи зэрыгетлэжьэнум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусlыльмэнхэм, республикэм щыпсэу псоми узынщагъэ, насып, зэIуэзэпэщыгъэ яIэну сохъуэхъу. Нэщlикlыж махуэ лъапIэм ди унагъуэхэм гуфIэгъуэрэ гупсэхугъуэрэ кърихьэну си гуапэщ.

Сабийхэм къащхьэщыжынымкIэ дунейпсо махуэм КIуэкIуэ Казбек щыIащ Приближнэ станицэм дэт интернат еджапIэм

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкlэ зыгъэзащlэ КIуэкIуэ Казбек Прохладнэ районым хыхьэ Приближнэ станицэм дэт интернат еджапIэ №92-м щыIащ икIи Сабийхэм къащхьэщыжынымкIэ дунейпсо махуэмкIэ цIыкIухэм ехъуэхъуащ.

ЩIыналъэм и унафэщlыр школым и лэжьакIуэхэм яхуэзащ икIи республикэм щIэ интернат Iуэхущlапlэхэм ксращ дэIепыкъуныгъэ етыным, зи узынщагъэр зэкIэлъыныкIуэ сабийхэр егъэджэнымрэ я зэфIэкlым хэгъэхуэныкIэ щIэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэным, Iуэхущlапlэр иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ, унэлъащlэкlэ къызэгъэпэщыным тепсэлъыхьащ.

Иджыпсту программэ хэхахэм тету мыбы щрагъаджэ тэмэму мыпсэлъэф е нэгъэсауэ зэхэзымыых сабий 85-рэ. ЩIэныгъэ гъэдзэн егъэгъуэтыныкIэ программэхэм япкъ иткlэ зи тхьэкIумэр лажьэхэр ящlэныным, тэмэму мыпсэлъэфхэр уэрэд жьIэным хуагъасэ, апхуэдэу спорт гупжьей щхьэхуэхэр щыIэщ. Мы еджапIэм щIэсхэр мьзэ-мытIэу щытекIуащ республикэм, къэралым къыщызэрагъэпэщ зэпеуэ зэмылIужьыгъуэхэм.

Интернат еджапIэм щIэсхэм хьэщIэхэр ирагъэплъащ Сабийхэм къащхьэщыжынымкIэ дунейпсо махуэм ирихьэлIэу ягъэхьэзыра концертым.

«Гуапэу дызэревгъэблэгъам, ди дэрэжэгъуэр зэрыфIэтам папщIэ берычэт бесын! ЕгъэджакIуэхэм фIыщIэ ин фхудощI фи лэжьыгъэм фи гур етауэ фызэрыбгъэдэтым папщIэ»,- иритащ КIуэкIуэ Казбек Инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

● Нобэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын и Фэеплъ махуэ

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм къызэритамкlэ, 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м сыхьэтыр 11-м деж Кулиев Къайсын и фэеплъым (Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрам) удз гъэгъахэр тралъхьэнущ.

Кулиев Къайсын дэтхэнэми езым и ныбжьэгъуу, и егъэджакIуэу жиIэфынущ, сыту жыпIэмэ, абы усыгъэр гуапагъэкlэ, дахагъэкlэ, цIыхугъэкlэ гъэнщlащ.Усакlуэм псори къызэрыдихьэхыр поэзиям щIэ зэфIэкIышхуэм и закъуэтэкъым. Ар зыхуэбгъэдэн щымыIэ, псэ зыIуту дунейм тет псори фIыуэ зыльгъэгъу цIыхут.

Дауэдапщэкэр Налшык щызэфIэкlа нэужь, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэхэр, усакIуэшхуэм и Iэдакъэщlэкlхэр фIыуэ зыльгъэгъуэр Шэджэм къалэм кIуэнущ икIи абы и унэ-музейм еплъынущ.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

ЧАЛЬЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КъЫДОКI

№65 (23.879) ● 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 4, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъуауэгъуэм и 1 - 3-хэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм шэщIауэ зиужьыным хуэгъэпса зэхуэсышхуэр. Абы и къызэгъэпэщакIуэщ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и Аппаратыр, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партыр, КъБР-м и Правительствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым социально-консервативнэ политикэмкIэ и центрыр.

● Зэхуэсышхуэхэр

Мыхьэнэшхуэ зиIэу къалъытэ

ФОРУМЫМ хухаха махуищым къытIасэу кIыхьзрагъэпэща зэIущIэхэм щытепсэлъыхьащ хэгъэгухэм ухуэныгъэщIэхэр зэрыщIэгъэкIуэкIыпхъэхэм, бгылъэ щIыпIэхэм зегъэужьыным, кIыхьзрымыкIуэ щытыкIэхэм къашэ тхьэмыщкIагъэхэр гъэмэщIа хъун папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм, экологием хэщIыныгъэу игъуэтхэр гъэзэкIуэжыным хуэунэтIа Iэмалхэм, тхыдэм, щэнхабзэм я щIэинэжмрэ унагъуэхэм ижькIэрэ къадекIуэкI хабзэ дахэхэмрэ зэрахуэсакъыпхъэм, цIыхухэр узынщэу псэун папщIэ лэжьыпхъэхэм. КъищынэмыщIауэ, форумым щызэрихьэлIа IэщIагъэлIкэр къытеувыIащ бжыгъэхэм ятещIыхьа экономикэм зиужьыным хуэунэтIауэ зэхагъэува проектыщIэхэм, егъэджэныгъэм къыщыкалъхьэ технологиещIэхэм, нэгъуэщIхэми.

Дызэрыщыгъуазэщи, илъэс быжанэ ипэкIэ къыхалъхьауэ щыта лъэпкъ проектхэм Iуэху куэд дыдэ къызэщIащыбдэ. Псалъэм папщIэ, ахэр зыхуэгъэзар демографие щытыкIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зегъэхъуэжыныгъ, цIыхухэм я узынщагъэр егъэфIэкIуэныгъ, егъэджэныгъэм Iэмалыщlэхэр къыщыгъэсэбэпынырщ, къалэхэр зэIуэзэпэщ щIыныщ, щIыуэпсыр хъунэныщ, гъуэгуэр егъэфIэкIуэныщ, хьэрычэт Iэнатlэ мыинмрэ курытымрэ, бжыгъэхэм ятещIыхьа экономикэм, щэнхабзэм зегъэужьыныщ, къэрал зэхуаку кооперацэмрэ экспортымкIэ унэтIныныгъэщIэхэр зэрабубзыхур ди къэралым нэрылъагъу щыщIыныщ. Ахэр псори, щхьэж гъэзэщIа зэрыхъуну щIыкIэм теухуа паспортхэр зэпкърыхауэ къыщыгъэпэгъуащ УФ-м и Президентым и накъыгъэ указым, 2024 гъэр къихьэху зэфIэгъэкIыпхъэ къалэн нэхъыщхьэхэр къыщыгъэувам. Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным бюджетым щыщ ахъшэу текIуэдэнущ сом триллион 25,7-м нэблагъэ.

«Лъэпкъ проектхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм щэщIауэ зиужьыныкIэ» зыфIаща Iыхьэр япэ махуэм КъБКъУ-м щекIуэкIащ, икIи ягъэбелджылра Iуэхуэхэр зэпкърахащ. Зэхуэсым къыщыхагъэщащ утыку кърахьа Iуэхуэхэм Кавказ Ищхъэрэм хиубыдэ щIыналъэ псоми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

ЕтIуанэ махуэм хьэщIэхэм Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм щыIэ Iуэхущlапlэ зыбжанэм эщыгъэгъэпльэхьащ. Тырныауэ къалэ дэт «Асыл Суу» бдзэжьей гъэхъуапIэм и унафэщlэхэр абыхэм гуапэу къыдгуащ икIи псыгуэнхэр ирагъэлъэгъуащ, предприятэм и къуэнэхукIэ-зыужьыкIэм, и нобэрей щыIэкIэм, дяпэкlэ яхуэзфIэкlыну къалъытэхэм щыгъуазэ хуащIащ.

Урысейм и щIыпIэ куэдым къикIа щIэныгъэлIхэр, политикхэр, власт-тымрэ жылагъуэмрэ щыщхэр абы и ужькlэ щыIащ КъБКъУ-м Эльбрус къуажэм щиIэ и егъэджэныгъэ-щIэныгъэ комплексым. Иджырей мардэхэм къытIасэу щIэрыщIэу зэрагъэпэщыжа унэ екIуи щызэхуэсахэр купщlафIэу лэжьащ.

КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий иригъэкIуэкIа а зэхуэсым хэтахэр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр щапхъэу къагъэлъагъуэурэ, тепсэлъыхьащ ищхьэкlэ къыщыхэдгъэщащэм ящыщ «Экологие» лъэпкъ проектыр бгылъэ щIыпIэхэм щыгъэзэщIэнымкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ.

КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр Щоджэнщlыкlу Мурат къызэхуэсахэм гу лъагирагъэтащ бгылъэ щIыпIэхэм я экологием хуэсакъыным, абы и хъуГуэфIыгъуэхэр хьумэным хуэгъэзауэ Урысей Федерацэм хабзэ пыухыкIа гуэри нобэр кIыздэсым зэры щымыIэм, абы кIыхьэкIыуи апхуэдэр пхыгъэкlым зэрыхуейм.

УФ-м и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Iуэхущlапlэ нэхъыщхьэм и унафэщlым и къудамэ Анаев Магомет тепсэлъыхьащ 2017 гъэм Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм къыщIехуа щыта ятIепсхэм къашэу щыта тхьэмыщкIагъэхэм яужькlэ КъБР-м и щIыналъэм къызэрыщыкIуэ щытыкIэхэр къыщымыгъэхъуным ехьэлIауэ зэхагъэува программэм щыщу нэхъыщхьэу къилъытхэм.

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ и институтым и унафэщI Тембот ФатIимэт, щIыуэпсыр хуэмэным ехьэлIауэ ди республикэм иужьрей зэманым щрагъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэр тегъэщlапIэ ищIурэ, жиIащ экологиер хьумэным хуэущиин хуейр къызэрыгуэкI щIыхухэм я закъуэу зэрыщIымытыр, атIэ щIыуэпсым емыгуэуэным, псом япэрауэ, щыщIэрыIуэ дыдэ хъууэ щыта а нэтыным и редактор нэхъыщхьэр Михалков Сергейт.

♦Хоккеист, СССР-м щIыхь зиIэ и тренер, зи унафэщIу щыта ЦСКА командэм хэту Совет Союзым 12-рэ и чемпион, щэнейрэ Олимп, 8-рэ дунейпсо чемпион хъуа **Тихонов Виктор** къызэрыгъэхъуэ илъэс 89-рэ ирокIу.

♦США-м щыщ киноактрисэ щIэрыIуэ, саугъэт куэдым я лауреат, псапащlэ **Джоли Анджелинэ** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокIу.

♦Урысей биатлонист, Олимп Джэгуэхэм тIэунейрэ я чемпион хъуа **Устюгов Евгений** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

♦«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхьэнущ.

Мэкъуауэгъуэм и 5, *бзэрэжьей*

♦Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым и дунейпсо махуэщ

♦Урысеймрэ Къэзахъстанымрэ щагъэлъапIэ Экологым и махуэр

♦Дание пащтыхьыгъуэм и конституцэм и махуэщ

♦1706 гъэм Москва къыщызэIуахащ дзэ сымаджэщ (иджы - Бурденко Н. Н. и цIэр зезыхьэ дзэ клиникэ госпиталь нэхъыщхьэрщ).

♦1881 гъэм хирургэм я урысей зэгурыIуэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм Берлин Iэ щытрадзащ Германиер зэрыхагъэщlамкIэ икIи СССР-м, США-м, Инджылызым, Франдзым я правительствэхэм Германием и власть нэхъыщхьэм и къалэнхэр зэрагъэзэщIэнум теухуа декларацэм. А къэралхэм я дзэзешэхэу Жуков Георгий, Эйзенхауэр Дуайт, Монтгомери Бернард, Латр де Тассиньи сымэщ абы си Iэ щIэпльыр.

♦1954 гъэм Москва Эстрадэм и театр къыщызэIуахащ.

♦1967 гъэм КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыщIидзащ хьэрып-израиль зауэм. Ар тхыдэм хьыкащ Махуих зауэ цIэр иIуэ - Израилыр Мысырым, Иорданием, Сирием ятеуат.

♦1981 гъэм США-м зыфэхэм якIэльыплъыныкIэ и центрым и щIэныгъэлIхэм узыфэщlэ - СПИД зыфIащар - къахутащ.

♦Журналист, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бекъан Чыланий** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокIу.

♦Адыгей усакIуэ **Хъунэгу Нурет** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокIу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и мелиоратор **Мамхэгъ Алексей** и ныбжьыр илъэс 80 ирокIу.

♦Польшэм щыщ актрисэ щIэрыIуэ, ди къэралым щытраха фильм куэдми щыджэгъуа **Брыльскэ Барбарэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокIу.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, публицист **Бещтокъуэ Хьэбас** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокIу.

♦Радиожурналист **Къудей Лидэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей тхакIуэ, философ, МКъУ-м и профессор, телевиденэм «ЩIалэ, пщащ Iущ цIыкIуэхэр» нэтын цIэрыIуэр щезыгъэжьакI **Вяземский Юрий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокIу.

♦ШэрджэС еджагъэщlэ, мэкъумэщ щIэныгъэхэм я доктор **Мамбэт Мурадин** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокIу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ФиIэпщэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокIу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкIыжкI, «Ятп каналым» сабийхэм папщIэ, апхуэдэуи нэгузыжь нэтынхэр зыгъэхъэзыр и Iэнатlэм и унафэщI **Пельш Валдис** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокIу.

♦Урысей фигуристкэ, Олимп Джэгуэхэм я чемпионкэ **Липницкая Юлие** и ныбжьыр илъэс 21-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

♦«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ, уэшх мащlэ къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м екIуэкIынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

Ткачёв Евгений еплъащ Хьэтlохъущыкъуей къуажэр псыкlэ къыззрызэрагъэпэщ ухуэныгъэхэм я щытыкlэм

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщlылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Тхачёв Евгений иджыблагъэ Бахъсэн районыр къыззхикIуэхьащ.

РАЙОН администрацэм и Iэтащхьэм и деж щрагъэкIуэкIа зэIущIэр иуха нэужь, КъБР-м ухуэныгъэмрэ гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министрым и дэIепыкъуэгъу Абрэдж Анзор щыгъуэу федеральнэ инспекторыр еплъащ Хьэтlохъущыкъуей къуажэр ирафын псыкlэ къызэрызэрагъэпэщ ухуэныгъэхэм. Абыхэм зэранагъэшхуэ я гъуэтащ накъыгъэм и 22 - 26-хэм уэлбанэщхуэ зэрыщIыIам икIи ятIэпсыр къаззрыщIуэам къыхэкIыу.

Федеральнэ инспекторым иригъэкIуэкIа къэпщытэнгъэхэм япкъ иткlэ, министерствэм къалэн щащlащ псы зэхуэхьэсыпIэхэм ящыщу тIур икIэщlынкIэ зэрагъэпэщыжыну.

ЧЫЛАР Ариндж.



Нобэрэ пщэдейрэ

Мэкъуауэгъуэм и 4, *гъубж*

♦Бийр къащытеуам хэкIуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ

♦Ингуш Республикэр къыщызэрагъэпэща махуэщ

♦Къэзахъстан Республикэм и къэрал дамыгъэхэм я махуэщ

♦Эстонием щагъэлъапIэ я къэрал ныпым и махуэр

♦Финляндием зыхъумэжыныкIэ и къарухэм я махуэщ

♦Молдавием и банк лэжьакIуэм и махуэщ

♦1800 гъэм Вашингтон дэт Унэ Хужьыр ухуэныр яухащ. Кудэ дэмыкIыу абы Iэпхъуауэ щытащ къэралым и президент Адамс Джонрэ и щхьэгъусэмрэ.

♦1897 гъэм ухуэн щIадзащ «Аврора» кхъуэ цIэрыIуэр.

♦1856 гъэм Третьяковскэ галереер къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къащтащ.

♦1922 гъэм «Крокодил» журналым и япэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ.

♦1940 гъэм Москва «Динамо» стадионыр къыщызэIуахащ.

♦1943 гъэм Налшык щекIуэкIащ фашистхэм я бийуэ республикэм и цIыхубзхэм къызэрагъэпэща пэкIр.

♦1962 гъэм СССР-м япэу щагъэлъэгъуащ «Фитиль» киножурналыр. Къэралым щыщIэрыIуэ дыдэ хъууэ щыта а нэтыным и редактор нэхъыщхьэр Михалков Сергейт.

♦Хоккеист, СССР-м щIыхь зиIэ и тренер, зи унафэщIу щыта ЦСКА командэм хэту Совет Союзым 12-рэ и чемпион, щэнейрэ Олимп, 8-рэ дунейпсо чемпион хъуа **Тихонов Виктор** къызэрыгъэхъуэ илъэс 89-рэ ирокIу.

♦США-м щыщ киноактрисэ щIэрыIуэ, саугъэт куэдым я лауреат, псапащlэ **Джоли Анджелинэ** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокIу.

♦Урысей биатлонист, Олимп Джэгуэхэм тIэунейрэ я чемпион хъуа **Устюгов Евгений** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

♦«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхьэнущ.

Мэкъуауэгъуэм и 5, *бзэрэжьей*

♦Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым и дунейпсо махуэщ

♦Урысеймрэ Къэзахъстанымрэ щагъэлъапIэ Экологым и махуэр

♦Дание пащтыхьыгъуэм и конституцэм и махуэщ

♦1706 гъэм Москва къыщызэIуахащ дзэ сымаджэщ (иджы - Бурденко Н. Н. и цIэр зезыхьэ дзэ клиникэ госпиталь нэхъыщхьэрщ).

♦1881 гъэм хирургэм я урысей зэгурыIуэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм Берлин Iэ щытрадзащ Германиер зэрыхагъэщlамкIэ икIи СССР-м, США-м, Инджылызым, Франдзым я правительствэхэм Германием и власть нэхъыщхьэм и къалэнхэр зэрагъэзэщIэнум теухуа декларацэм. А къэралхэм я дзэзешэхэу Жуков Георгий, Эйзенхауэр Дуайт, Монтгомери Бернард, Латр де Тассиньи сымэщ абы си Iэ щIэпльыр.

♦1954 гъэм Москва Эстрадэм и театр къыщызэIуахащ.

♦1967 гъэм КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыщIидзащ хьэрып-израиль зауэм. Ар тхыдэм хьыкащ Махуих зауэ цIэр иIуэ - Израилыр Мысырым, Иорданием, Сирием ятеуат.

♦1981 гъэм США-м зыфэхэм якIэльыплъыныкIи и центрым и щIэныгъэлIхэм узыфэщlэ - СПИД зыфIащар - къахутащ.

♦Журналист, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бекъан Чыланий** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокIу.

♦Адыгей усакIуэ **Хъунэгу Нурет** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокIу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и мелиоратор **Мамхэгъ Алексей** и ныбжьыр илъэс 80 ирокIу.

♦Польшэм щыщ актрисэ щIэрыIуэ, ди къэралым щытраха фильм куэдми щыджэгъуа **Брыльскэ Барбарэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокIу.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, публицист **Бещтокъуэ Хьэбас** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокIу.

♦Радиожурналист **Къудей Лидэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей тхакIуэ, философ, МКъУ-м и профессор, телевиденэм «ЩIалэ, пщащ Iущ цIыкIуэхэр» нэтын цIэрыIуэр щезыгъэжьакI **Вяземский Юрий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокIу.

♦ШэрджэС еджагъэщlэ, мэкъумэщ щIэныгъэхэм я доктор **Мамбэт Мурадин** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокIу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ФиIэпщэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокIу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкIыжкI, «Ятп каналым» сабийхэм папщIэ, апхуэдэуи нэгузыжь нэтынхэр зыгъэхъэзыр и Iэнатlэм и унафэщI **Пельш Валдис** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокIу.

♦Урысей фигуристкэ, Олимп Джэгуэхэм я чемпионкэ **Липницкая Юлие** и ныбжьыр илъэс 21-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

♦«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ, уэшх мащlэ къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Егъэлеяуэ пшхымэ, форн ткIыбжьщ.

«Егъэджэныгъэм и Іэухуклэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Егъэджэныгъэм и Іэухуклэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэгъэзэжащ.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. хуегъэ-

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1076-П-П

«Егъэджэныгъэм и Іэухуклэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іэухуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьицтащ 2019 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м

«Егъэджэныгъэм и Іэухуклэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 5-нэ статьям и пункт 18-р мы кІэлъыкІуэм зэхуэдизу тхын:

«18) егъэджэныгъэмкІэ Іэухущ1ап1эхэм я педагогхэм ящыщу курыт щІэныгъэ егъэгъуэтыныжкІэ программэм ипкъ иткІэ кІэухыу кьэрал аттестацэ егъэкІуэкІыным хэтхэм а кІэух кьэрал экзаменхэм захуэгъэхьэзырыныжрэ ахэр егъэкІуэкІыныжкІэ ираГъэкІуэкІ лэжьыгъэм папщІэ республикэ бюджетым къыхэлъыу ират ахъшэр зыхуэдизымрэ ар зэрырат щыкІэжрэ гъэувныр;».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм накъыгъэм и 13-м
№921-РЗ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м къыдигъэкІа унафэ №278-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іэухуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м ***Налшык къалэ*** ***№985-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«ХъыбарегъащІэ Іэнатіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал программэм и Іэухуклэ» 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкІа унафэ №278-ПП-м халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр зэхащІэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

● Хъыбарыфі

Бэлагъы Къантемыр куэд хузэфІокІ

Иджыблагъэ Канны щекІуэкІа дунейпсо кинофестивалым и «Особый взгляд» программэм режиссёр лэжьыгъэ нэхъыфІу къыщалъытащ адыгэ щІалэ Бэлагъы Къантемыр и «Дылда» кинофильмыр.

ЕЗы Къантемыр а зэхьыхьэм ІкІуэфакъым. Фильмым и продюсер Роднянский Александр саугъэт лъапІэр къыщратым, Бэлагъым теухуауэ псалъэ гуапэ куэд жиІащ.

- Мы саугъэтыр Къантемыр езым къыІихьжьыну хуэфащэт, ауэ, Іуэху кьылъэкъуэкІри, Москва имыгъэзэжу хъуакъым. Абы и ныбжьыр илъэс 27-рэ хъуауращи, и фильмым саугъэт лъапІэхэр Канны къыщІэхь. Режиссёр ныбжьыщІэм 2017 гъэм и яп1э лэжьыгъэр - «Теснота» фильмыр - Канны утыку къыщихьэри, ФИПРЕССИ саугъэтыр кьратат. Бэлагъыр Кавказым хьыхь Налшык къалэ щыщщ. Ар и гъэсэнщ куэдым фІыуэ яцІыху режиссёр цІэрыІуэ Сокуров Александр. Сэ быдзу си фІэщ мэхъу езы щІалэщІэр нобэ мы утыкум си гъусэу итамэ, и егъэджакІуэм, къыдалэжьа гупым фІыщІэ зэрахуищыІыну. Адэкіи ефІэкІуэну си гуапэщ.

«Дылда» фильмым льабжьэ хуэзыуар Александкиевич Светланэ и «У войны не женское лицо» тхыльыкІэ. Ар теухуауэ зауэм къикІыжу Ленинград къэкІужа хьыджэбзкІэ мамыр гъащІэ яухуэну зэрыхуущІэкъум. ЛІыхъжь нэхъыщІэхэм я ролхэр зыгъэзэщІар Мирошниченкэ Викториерэ Перелыгинэ Василисэрэщ.

«Особый взгляд» Іыхьэм и кІэпщытакІуэ гупым я тхьэмадзу щытар Ливаным щыщ режиссёр Лабаки Надинщ, абы и гъусау Аргентинэм къикІа режиссёр Алонсо Писандэрэ, франджы актрисэ Фоис Маринэ, Бельгием щыщ режиссёр Донт Лукас, нэмыцэ продюсер Шекерджи-Порст Нархан.

Фильмыр мэкъуаугъэуэм и 20-м ди къэралым щагъэлъэгъуэну я мурадщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сокъур Алим и къулыкъущІэ

«Россельхозбанк» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІу Сокъур Алим ягъэуващ.

СОКЪУР Алим Олег и къуэр 1985 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м къыщалъхуащ КЪР-м и Аруан районым хыхьэ Нарткъалэ.

Урысейм и МИД-м и МГИМО-р къиухащ.

2007 - 2009 гъэхэм ар лэжьащ ЩІынальэхэм зэдай клиник коммерческэ банкым и правленэм и унафэщым менеджмент Іэухуэхмкіэ и чанджэщгъуу, операционнэ-кассэ управленэм и унафэщІу. «Россельхозбанк» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм Налшык къалэ щиІэ 44/11 офисым и Іэтащхьэм и къуэдзэу, иужькІэ Шэджэм къалэмкІэ и офисым и унафэщІу щытащ.

2012 гъэм бадзэуэгъуэм щыщІэдзауэ «Россельхозбанк» АО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэу лэжьащ. Банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІу 2019 гъэм накъыгъэм и 30-м яГъэуващ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Дзэлыкъуэ хъупІэхэм

Гъэ къэси хуэдэу

Республикэм и Іэщыхьуэхэр гъэмахуэ хъупІэхэм мыгувау зэрыкІуэнум хуэхьэзырщ.

ГЪЭ КЪЭСИ хуэдэу, псоми яп1э щІыпІэм и инфраструктурэр зыхуэй хуагъэзащ: бгыпъэ хъупІэхэм уаззрекІуалІэ гъэзугхэр, ток кІапсэхэр, лэжьакІуэхэр, Іэщ дохутырхэр зыщІэсыну унэхэр. Іэщыхьуэхэр хъупІэм зэрыщыІэну пІалъэм кьриубыдэу зыщІэсыну унэхэри къызыхуэтыншэу ремонт ящІащ. Жэпуэгъуэм нэсыху Аурсэнтрэх Хьэмащэрэ, Іэщыхьуэхэм я мызакъуэу, Іэщ1агъэ1у 600-м я кьалэн къыщрахьэлІэнущ: гъэгуэм елэжьхэр, электрикэр, Іэщыхьуэхэм я уэзышагъэм кІэлъыплІыну дохутырэхр, МВД-м и лэжьакІуэхэр, пщафІэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм хъыбар къыІэрыдигъэщІамкІэ, мы гъэм мэкъумэш предприятэхэмрэ фермер хозяйствэхэмрэ кьабгъэдэкІыу хъупІэхэм Іэщу мини 100,5-м нэс яшэнущ. Абы-хэм ящыщу мин 28-м нэблагъэр Іэщ1эвыщІэщ, мини 7-р жэм кьашщ, мин 67,5-р мэлщ, шыр мин 65-м щІегъу. Іэщхэр щаІыгъыну чэтхэр кьабзагъэ мардэхэм сыткІи тетщ.

ДЫГЪУЖЬОКЪУЭ Борис.

Иуан Аскэрбий Іэмин и къуэр республикэм ящІэ зыщыхуащІхэм, фІы и лъэныкъуэкІэ къыщацІыхухэм ящыщщ. Апхуэдэ гулъытэм и лъабжьэр, дэ къызэрытлъытэмкІэ, абы бгъэдэлъ щІэныгъэ куурщ, и зэфІэкІырщ, цІыхугъэ лъагэрщ, гъэсэныгъэ дахэрщ. Аскэрбий и дуней тетыкІэри щапхъэ зыгтрахэм хуэдэщи, абыи, щэч хэмылъу, и къежьапІэр Иуан-хэ Іэминрэ Зулихъанрэ зи нэхъыжьу щыта адыгэ унагъуэ щыпкъэрщ.

АСКЭРБИЙ и ныбжьыр мэкъуауэгъуэм и 1-м илъэс 60 ирикъуащ. А махуэм ирихьэлІэу дэ абы и гъащІэм, и лэжьыгъэм, дапщэкІэ и мурадхэм теухуауэ упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащи, зэрызэкІэлъыкІуэу къэтІуэтэжынщ.

ЩЫхьэлъкъуэ дэс Иуанхэ я къуажэм ижь-ижьыж лъандэрэ къызэрыщацІыхур зи щхьэм пщІэ хуэзыщІыж, гуащІэдзкІ хьэлэлкІэ псэу лІакъуэущ. Зи тхьэмадэ унагъуэми жьыпэми я дежкІэ щапхъэт Аскэрбий и адэ Іэмин и гъащІэр. Ар и кьару емыблэжу илъэс 50-м нэскІэ щылэжьащ Щхьэлъкъуэ къуажэм щызэхэта мэкъумэш Іуэхущ1ап1эм. Апхуэдэ гуащІэдзкІ мыухыжыр, дауи, гулъытэншэу кьагъэнаКьым: Іэмин къыхуагъэфэщащ «ЩІыхьыкІи и Дамыгъэ» орденыр, ВДНХ-м и дыщэ медалу тІу, «КЪР-м и мэкъумэш Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъагэр. Лэжьакіуэ пэрытым и цІэр зэрехьэ кьуажэм и уэрамхэм ящыщ зым.

Іэмин гуГуеуэ псори диГуэшу, гуфІэгъуэхэр диІэту щытащ абы и щхьэгъуэ 3УлихъанІ. А тІум быниплІ: щалитІрэ хъыджэбзитІрэ зэдагъэтат. Я щІэблэр лъэ быдэкІэ гъащІэм зэрыхэувам я гур игъэину, я псэр дэгуфІэу псэуащ зэщхьэгъуэсэхэр.

Курыт школыр ехъулІэныгъэкІэ кьиуха ныужь, дохутыр Іэщ1агъэр зи хъуэпсапІэ Аскэрбий Налшык дэт медучилищэм щеджащ икІи 1979 гъэм ар диплом плъыжькІэ кьиухащ. ЩІэныгъэм хэзнэхъуеинш3 щалэм а гъэ дыдэм еджэным щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш институтым. Студент гъащІэр хьэлэмэту, ІуэхугъуэфІэхмкІэ гъэнщІауэ ирихьэкІащ Аскэрбий. Ар жьыджэру хэтащ институтым щеІуэкІ лэжьыгъэ псоми, кьалэн кьыхуащІ Іуэхугъуэхэр игъуэгрэ дагъуэншэу зэфІихьырт. Апхуэдэ жэуапльныгъэ, жэрдэм зыхэлъ щІалэм гу кьыльатащ институтым и унафэщІхэм. Еджапіэм и студент нэхъыбІхэр Германием практикэ ягъэкІуэн хуей щыхъум, Аскэрбий яхэхуащ ящІэ зи цІэ кьраІуахэм.

Институтыр ехъулІэныгъэкІэ кьэзыуха Іэщ1агъэ1ыныжьщІэм лэжьэн щриГъэжьащ Налшык дэт, лыхэкІхэм щелэжь комбинатым. Инженер-лаборантэу щІэзыдза Иуаныр зэман кІэщІым кьриубыдэу Іуэхущ1ап1эм и Іэщ1агъэ1 нэхъыщхь» хуьащ, иужькІэ абы и цеххэм ящыщ зым и унафэщІ ящІащ.

Гъащ1эм дэбакъуэу, зэманым декІуу псэу Аскэрбий и зэфІэкІхэр абы кьыщынакъым. ЛІэщ1агъуэ блэкІам и 90 гъэхэм ар лэжьакІуэ ирагъэбІэгъащ КЪР-м и Правительствэм и Унэм. Кьалэныщ1эхэм кьадэкІуэу, Аскэрбий бГъэдэлъ щІэныгъэми адэкІи хигъэхъуэну мурад ищІащ. Экономист Іэщ1агъэр абы щызригъэгъуэтащ Псыхуабэ дэт къэрал технологие университетым икІи а еджапІэ нэхъыщхьэм финансхэм пыщІа кредит Іэщ1агъэмкІэ и кьудамэр 2001 гъэм къиухащ.

Щылажьэ Іэнатіэр 2000 гъэм КЪР-м и Президентым и Іуэхугъэ зезыгъакІуэ управленэм материально-техническэ къыхэзыхьыныгъэмкІэ и кьудамэ щащІым, Иуаныр абы и унафэщІу яГъэуващ. И кьару емыблэжу, жэуапльныгъэ зыхэлъу еса Аскэрбий Іуэхум и къызэгъэщацІу Іэкіуэльа-кІуэу, зи Іэтащхьэ къудамэм кьыпэщІыльтэ кьалэнхэр нысусаныгъэншэу икІи и чэзум гъэзащІа зэрыхъуным хущІэкъу Іэщ1агъэлІ нэсу зыкъигъэлъэгъуащ.

КьызыхэкІа унагъуэм, адэ-анэм я щапхъэм зи гъащІэ псом иригъуаззэхэм ящыщщ Иуан Аскэрбий. Нэхъыжьхэр кьыщхьэщымыгъэжьми, абыхэм Іуэхущафэу, дуней еплъыкІэу, гупсысэу яІар езым и унагъэми ноби я гъэзугъэпльагъэущ.

- «Фи гуащІэм кьимыкІар хьэлэл фхуэхъунукъым», «Сыт хуэдэ зэмани цІыхур фи щхьэ ефпльыту фыпсэу: фхуэзфІэкІымкІэ фадэІэпыкъу, сэбэп фахуэхъу, фэ зыхуэмыгъэсфащэр адрейхэм фащэ яхуэмышІ», - апхуэдэ псалъэхэр кьыджаІэурэ дапІащ ди адэ-анэм. Апхуэдэ ущиехэм щІагъэдэІуащ дэ езым кьытщІэхъуэжа ди щІэблэри, - игу кьегъакІыж Аскэрбий. - Ди нэхъыжьыфІхэрщ зи фІыщІэр нобэ ехъулІэныгъэ гуэр диІэми, насып гуэр кьыдэуэлІами. Абыхэм я псэр кьэрэгъуп бжьыбэ сыт щыгъуи кьытщхьэщыту зыщІщхъуІу...

Аскэрбий и щхьэгъусэ Римми, и гуащэм и щапхъэр и гъуаззу, унагъуэм исхэм я зэхуаку сытым щыгъуи зэгурыІуэныгъэ зэрыдигъэлъыным, ахэр зыхуей зэрыхуигъэзэным хущІэкъу зэпыту быныр игъэзащ. Аскэрбийрэ Риммэрэ я кьуэ Асльэнрэ яп1эу Ренатэрэ щІэныгъэ нэхъыщхьи Іэщ1агъи яІэу, унагъуэ хьужакэу мэпсэу. Асльэн дохутырщ, медицинэ щІэныгъэхэм я докторщ, Саратов кьэрал медицинэ университетым и профессорщ, Энгельс кьалэ дэт клиникэ сымаджэщ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэщ. Ренатэ социальнэ лэжьакІуэщ, КЪР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и кьудамэхэм ящыщ зым и Іэщ1агъэлІ нэхъыщхьщ.

- Дэ дыкъызэрэхъукІар адыгэ унагъуэ кьызэрыгуякІщ. Ди адэшхэр, Джэлий (абы и щхьэгъусэм, ди анэшхэм и цІэр Мэчэлинэт), илъэси 100-м щІигъукІэ псэуати, и гъащІэ псор кьуажэм щихьащ. Яп1э дунейпсо зауэм и лъэхъэнэм «Дикая дивизия» зыхужаІэм хэтащ. И цІэр кьащцыхэІущыкІащ Щхьэлыкъуэ хуажэм и кум щигъэзына, Граждан зауэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ лІыгъэ щызэзыкьаІэхэм я цІэ-унэцІэхэр зытетха фэеплъым. ЗэкъуэшитІрэ зэшыпхъуитІрэ дихьуу щытащ. Си кьуэш нэхъыжьыр, Заурбий, илъэси 9 ипэкІэ кьуэхэм щІаджыкІат урыс тхакІуэшхуэ Достоевский Фёдоррэ адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ Хьэшэж Иннэрэ я гъащІэ гъуэгуанэмрэ творчествэмрэ. Джэгур щекІуэкІым упщІэхэм убгъуауэ жэуап зэрыратхэмкІэ кьыбгурыІуэрт еджакІуэхэм кууэ темэхэм щыгъуазэ зэрызащІар.

Сабийм и акъылыфІагъэр кьэзыгъэлъагъуэ джэгукІэм и лъэс лъагъуэхэм щытекІуахэщ Тэрч къалэ дэт курыт еджапІэ №3-м щыщхэу **ПІэужь Лиерэ Хьэпажэ Ахьмэдэрэ**, Тэрч къалэ дэт лицей №1-м щІэс **ФиІэпщэ Темболэт** сымэ. Балл нэхъыбэ кьэзылэжьахэм ящыщу Лауреат хуэхэщ Тэрч къалэ дэт курыт школ №2-м щІэс **Емкъуж Ланэ**, Тэрч къалэ дэт курыт еджапІэ №3-м щеджэжу **Уныж Даринэ**, **Хьэтіэф Къазбэч** сымэ.

ЗэІущІэм и кІэухыу кэпщытакІуэхэм джэгум къарита гукъыдэжьыр кьызэхущ псалъэ дахэхэмкІэ зэхуаугъэзащ кьызэхуэсахэм. Апхуэдэу фІыщІэ хуащІащ еджакІуэхэр зыгъэхьэзыра егъэджакІуэхэм.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Блэкіари къэкіуэнури зэпызыщІэ Иуан Аскэрбий

● Ди псэлъэгъуэхэр

дунейм ехьжащ. Си цыхьэ нэхъыжьыр, Іэсиат, Кьэхъун кьуажэ ГащІэхэр ицщ, нэхъыщІэр, Ленэ, Шэджэм ЕтІуанэ дэс КІыщ1ах я нысащ. ТІуми унагъуэ хъарзынэхэр яІащ, я бын щырыщри, Тхъэм и шыкуркІэ, гъэсащ, щІэныгъэ нэхъыщхьэхэри зрагъэгъуэтащ, - кьытхуеІуатэ Иуаным.

- Балигъ хъуу, лэжьэн щІэбдза иужь, дэІэпыкъуэгъу нэхъ кьыпхуэхъуэхэм ящыщу зэт и цІэ кьипІуэнт, Аскэрбий?

- КЪР-м и Президентым-рэ и Правительствэмрэ я Іуэхугъэ зезыгъакІуэ управленэм хозяйствэмкІэ и кьудамэм и экспедитору 1996 гъэм сыкъыщтат. Зи гугъу сщы Іэнатіэм а зэманым и тхьэмадзу щытар Кушмэзокъуэ Сэфрэилит. Ар икІи а лъэхъэнэм КЪР-м и Правительствэм и УнафэщІым и кьуэдзэт. ЖьыпІэнур арамэ, Кушмэзокъуэр лІы щджажащэу, цІыху губзыгъэу щытащ. Си насыпрэ кьрихьэкІауэ кьызэолытэ апхуэдэ цІыхухэм сазэрыдзлэжьар. Куэдым дыхуригъэсащ: лэжьыгъэм пэжу дызэрыбгъэдэтыпхъэми, цІыхухэм пщІэ яхуэтщІын зэрыхуейми, нэгъуэщІхэми. Кушмэзокъуэр фІыуэ кьысхущытти, кьызэдэпІыкъурт. Ар апхуэдэу кьызэрысхуэсакъар си гум Іэфіу кьинащ.

ЖьыСІэнур аращи, Правительствэм и Унэм илъэс 16-кІэ сыщІлажьати, зыгуэрым сигу зригъэбгъауэ, Іейкі5 кьыщцІэзгъэсапІэ кьыхсуэщІэжьркъым. ИтІани, а Іэухугъ1ап1эм щылажьэхэр, сэ кьызэрысльэтэмкІэ, я кьэухькІи нэхъыбІэм хащІыкІыу, я хьэл-щэнкІи нэхъ зэтету щытын уейщ, зи кьызэгъэзгъэзэ дзтхэнэми чэнджэщ узынщэ зэрыратыным хущІэкъуэгу, я пщІэ кьыдзхуэ кьинэмыщІ кьалэнхэми щехъулІэу, зыпэрыт Іэнатіэмэ Іэзэгъэ нэс кьыщагъэльагъуэу.

Ноби апхуэдэщ

ИУАН Аскэрбий зи гупсысэр жьыжьэ нэс, акъыл хан зиІэ цІыху жьыджэщ. Мы зэманым ар «Къэбэрдей-Балъкъэрым ветеринар медицинэмкІэ и центр» кьэрал-кІэзонэ Іуэхущ1ап1эм и тхьэмадэм и кьуэдзэщ икІи а Іэнатіэм гъэмахуэ хъупІэхэм щаІыгъ Іэщым я узынщагъэм кІэлъыплъыныжкІэ и кьудамэм и унафэщІщ.

Аскэрбий и иджырей лэжьыгъэр щекІуэкІ бгыщхэ хъупІэхэм я гугъу щищІым, гу лъыттащ дыкъэзыухъурехь дунейм и щІыпІэ теІыджэхэм ар зэрыдихьэхьми, абыхэм ящыщ дэтхэнэми адыгэхэр ноби зэреджэм зэрыщыгъуазэми. Бытепсэлъыхьыр и лэжьыгъэм зэрыпыщІар кьыкфІыхьхьэри, Иуаным зэгъэкІуэри дахэу кьытхуиІуэтащ Аурсэнтх и щыгуми абы ищхьэжкІэ щыІэ бгыщхъэ щыпІэхэми я зэкІэлъыкІуэкІэри цІуэз зэрахьэхэри.

- Совет лъэхъэнэм а лъэныкъуэмкІэ щыдиІа Іуэхущ1ап1эм щымэлажьэ: ижьымкІэ - Аурсэнтх, Лэхърэнэщхъуэ, Лэхърэн цІыкІу; сэмэргумкІэ - Кьураты цІыкІу, Кьуратышхуэ, Кьэнжал лъэгу, Кьэнжалыщхъ, Кьэнжалыбгъу; нэхъ пыІукІуэтауэ - Домбей, Домбей губгъэ, Мазэхэ, Джэдмыщх, Чэтмэн, нэгъуэщІхэри. А псоми я ныт удзыр, ди гуапэ зэрыхъунщи, ноби яхъуэкІу.

- Яп1э зэманым хъупІэхэр колхоз-совхозэхэм трагъашэу щытащ. Иджы дапхуэдэу зэрыщытыр?

- Иужьрей илъэсхэм къэралым конкурс ирегъэкІуэкІ. Гъэ псом хуэпІэу гектар пІыгъныем соми 150-м кьыщыщІэдзауэ сом 250-м нэблагъэ текІуадэу аращ. Ар, сэ кьызэрыслъытэмкІэ, куэдкъым. ЖьыпІэнур арамэ, нэгъабэ мэлу мин 40, былыму мин 11,5-рэ, шыуэ мини 5 итащ Хьэмащэ хъупІэ и закъуэ.

- Кьущхьэхъуэ фыщихьэр сыт хуэдэ зэманра, Аскэрбий?

- Инэхьыбэм хъупІэхэр нэкъыгъэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 1 пщІондэ кьаГъэсэбэпу аращ. Мис иджы, куэд дэмыкІыу, мэкъуаугъэуэм и 10 - 15-хэм псори я пІэ изэгъэнущ. Ди Іэнатіэм и кьалэн нэхъыщхьэр хъупІэхэм ярыт Іэщыр узынщэу кьызэтедгъэнэнырщ. Ар зэдгъэхьулІэн папщІэ, гъэм и зыкъэІэтыгъуэм Аурсэнтх штаб кьыщызыдогъэпэщ, А хэщІапІэм Іэщым епха ветеринарэхэри, цІыхум еІэзэ дохутырэхри, токым елэжьхэри тесщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, псори зэхэту, хъупІэу гектар мини 139-рэ диІэщ. АтІэми, куэдыр щыгъуаззэкъым бгыщхэ хъупІэхэм щымахуэми дызэрыкІуэм, дыгъапІэхэм ярыт мэлым, Іэщым мастэ яхэтІри папщІэ.

- Кьущхьэхъур зыхъу мэлым, Іэщым ялри, я шэри нэхъ Іэфіу яГъэхъыбар. Уэ сыт жьыпІэнт, абы теухуауэ, Аскэрбий?

- Шэч хэмылъу, бгыщхьэхэм кьыщыкІ удзыр Іэщым и шэми, илми кьэуат щІэзылъхьэщ, нэхъ гурыхьи зыщІщ. ЛІыгаПІэхэм шыгъу фІэкІа дахьркъым, Іэщыр и шхынкІэ кьыщыззбгъэпэщыным текІуадэ щыІэкъэми. Мис мы зэманым, мэлым я лъхъэн-пІэныр мэлыжьыхьым и кІэхэм кьыщыщІэдзауэ накъыгъэм икуэр кьэмысу ихащи, кьащІэхьуа щІэжьейри я гъусэу, псори кьыщхьэхъуи итщ.

- Губгъуэм кьыщыбдзлажьэхэм ящыщу хэт сымэ я цІэхэр кьипІуэнт?

- Ди кьудамэм щыпашэхэм ящыщу кьыхэзгъэщыну сыхуейт Шурдым Борис, Кьарэмырзэ Аслъэнбий, Шэру Аскэр сымэ, нэгъуэщІхэри. Кьеэбжэкіахэри, зи цІэ кьизмыІуэу кьэнахэри - псори дыззэшызэлІэжьыр сыт жьпІэмэ, лэжьыгъэм ди бгъэдэтыкІэрщ, ди зэхуаку дэлъ цІыхугъэрщ, губгъуэм щызекІуэ хабзэм дызэрытетымрэ дызыпэрыт Іэнатіэм кьыщыдгъэлъагъуэ Іэзэгъэмрэщ...

ИУАН Аскэрбий зыпэрыта Іэнатіэхэм, жылагъуэ Іуэхухэм зэрыщекъуІлІам и щыхьэтщ абы кьыхуагъэфэща дамыгъэхэр: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щІыхь тхьилъ зыбжанэр, ШахматымкІэ цІыхубзхэм я дунейпсо чемпионатыр егъэкІуэкІыным щІэгъэкъуэн зэрыхуэхуам кьыхэкІы, КЪР-м и Президентым кьыхуищІа фІыщІэр, Жылагъуэ палатэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм кьабгъэдэкІа щІыхь тхьилъхэр, нэгъуэщІ куэдри.

Аскэрбийрэ Риммэрэ кьуэрылъху-пхъурылъхуэр иІащи, ари насыпыфІагъэщ - абыхэм я ехъулІэныгъэм фІыгъуи гухэпльу, гъащІэм и Іэфіыгъэ мыухыжьыр аргуэру псэкІэ зэхэпщІу. Апхуэдэ гуфІэгъуэхэм, нэгъуэщІхэми щымыщІэу, иджыри илъэс куэд кьызэдагъэщІну дахуохъуахъуэ езы Иуан Аскэрбии абы и щІыбагъ кьыдэт и унагъуэ дахэми.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сулъіан псыкъелъэм деж Аскэрбийрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ зыщагъэпсэху.
2019 гъэ, накъыгъэ мазэ

● Школ гъащІэ



Іущхэмрэ Іущыщэхэмрэ

«Іущхэмрэ Іущыщэхэмрэ» зэпеуэм и щыналъэ Іыхьэр Тэрч районым щызэхуащІыжащ. ЕплІанэ джэгуГъуэм и кІэух Іыхьэм хэтащ 9 - 11-нэ классхэм щІэс еджакІуэ 58-рэ.

НЫБЖЬЫЩІЭ зэчиифІэхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІхэр наІуэ къэщІыным хуэгъэпса олимпиадэм школакІуэхэр хуегъаэсэ я гупсысэкэр екІуу кьаІуэтэху утыку итыным, щІэныгъэ-творчествэ и пІэзэныкъуэкІэ зауэныным.

Зэхьэзэхуэм и кьэпщытакІуэ гупым хэтхэт: Тэрч къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Семэн Пщыкъан, щІынальэм щІэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІ Варий Маринэ, абы и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Іэсиат, Дей кьуажэм дэт курыт еджапІэм и унафэщІ Дадэ Аслъэн сымэ.

Нэхъ пасэу хъыбар зэпырагъэщІам тету, еджакІуэхэм щІаджыкІат урыс тхакІуэшхуэ Достоевский Фёдоррэ адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ Хьэшэж Иннэрэ я гъащІэ гуэзгуанэмрэ творчествэмрэ. Джэгур щекІуэкІым упщІэхэм убгъуауэ жэуап зэрыратхэмкІэ кьыбгурыІуэрт еджакІуэхэм кууэ темэхэм щыгъуазэ зэрызащІар.

Сабийм и акъылыфІагъэр кьэзыгъэлъагъуэ джэгукІэм и лъэс лъагъуэхэм щытекІуахэщ Тэрч къалэ дэт курыт еджапІэ №3-м щыщхэу **ПІэужь Лиерэ Хьэпажэ Ахьмэдэрэ**, Тэрч къалэ дэт лицей №1-м щІэс **ФиІэпщэ Темболэт** сымэ. Балл нэхъыбэ кьэзылэжьахэм ящыщу Лауреат хуэхэщ Тэрч къалэ дэт курыт школ №2-м щІэс **Емкъуж Ланэ**, Тэрч къалэ дэт курыт еджапІэ №3-м щеджэжу **Уныж Даринэ**, **Хьэтіэф Къазбэч** сымэ.

ЗэІущІэм и кІэухыу кэпщытакІуэхэм джэгум къарита гукъыдэжьыр кьызэхущ псалъэ дахэхэмкІэ зэхуаугъэзащ кьызэхуэсахэм. Апхуэдэу фІыщІэ хуащІащ еджакІуэхэр зыгъэхьэзыра егъэджакІуэхэм.

Электросетым и ухуэныгъэу зыми ІэщІэмылъхэм я бжыгъэр 160-м щІегъу

«Кавказ Ищхьэрэм электрокъарур щытезыгъашэ зэгухьэныгъэм и «Къэбэрдей-Балъкъэнерго» зэгухьэныгъэм и Іэщ1агъэлІхэм муниципальнэ щІынальэхэм я администрацэхэм ящІыгъуу зэфІагъэкІащ электросетым хиубыдэу зыми Іэщ1эмылъ мылъкур убзыхуным теухуа кьэпщытэныгъэр. Мыпхуэдэ Іуэху мыщхьэпэр Урысей Федерацэм и щІынальэхэм я нэхъыбапІэм щыІэщ. ЗэрыгурыІуэгъуэ, зыми Іэщ1эмылъ мылъкур тэмэму зехьа хъуркъым, техническэ и лъэныкъуэкІэ зыхуей хуэзэркъым. ЩІэкъуэгъуэ къагъэсэбэп подстанцэхэр зехьэн, зэгъэпэщыжьын хуей щыхъум деж, ар зи мылъкур щамыгъэтыж куэдрэ кьохъу.

ЭЛЕКТРОСЕТЫМ хиубыдэ ухуэныгъэ псоми зи мылъкухэр 1991 гъэм яубзыхуауэ щытащ. Ауэ абыхэм ящыщ куэдыр пыухыкІауэ зыІэщІэлъхэм ахэр тэмэму къэралым ирагъэтхакъым, абы кьыхэкІыу апхуэдэ ухуэныгъэхэр зыми имейуэ кьыщІидзыкащ. Апхуэдэу мылъкур зыбгъэщІэлъым щыхьфІидзэж икІи ар зэрихьэн щимыдэ кьохъу. Псом хэмыдэу куэдым кьыфІадзэж тэмэму зэрамыхьа икІи ныкъуэкъуэ хъуа сетхэр, ситу жьыпІэмэ ахэр зэтетгъэувэжьмыгъэ текІуэдэнэр зыкІи нэхъ мащІэкъым, электрокъарукІэ кьызэзгъэпэщ комплексыщІэ ухуэным ихьинум нэхърэ.

- Зыми Іэщ1эмылъ сетхэр, подстанцэхэр зэкІэлъымыкІуэ мэхъу икІи абыхэм я зэранкІэ энергие куэд мэкІуэд, цІыхухэмрэ предприятэхэмрэ электрокъарукІэ кьызэрызэграгъэпэщыр зэблагъэу», - жеІэ «Къэбэрдей-Балъкъэнерго» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Кьэрэ Муратэ.

Мыбдеж псоми кьагурыІуэн хуейщ электросетыр хьІфІадзэжакъым кьашэ гугъуехьыр электрокъару кьэзыгъэссэбэпхэми сетевой компаниеизми зэреуалІэр. Ауэ законым кьызэригъэувымкІэ, электросетым хиубыдэ ухуэныгъэхэр зехьэныкІэ жэуапыр зыбгъэдэкуэр ахэр зи мылъкуу щытхэрщ, абы теухуа документхэр щыІэми щымыІэми.

Электросетевой компаниеми и балансым хигъэхьэнукъым, икІи хигъэхьэ хъунукъым зэпэщу мылажьэ зы ухуэныгъэр. Ар балансым зэрахагъэхьэ щІыкІэр Іупщу убзыхуащ. Мыбдеж щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органым и кьалэнщ: мылъкур зэгъэбфдылІар кьипщытэну. Ар зыми Іэщ1эмылъу зэрыщытым теухуа официальнэ статус игъуэтын папщІэ Росреестрым и учетым яГъэув. Абы иужькІщ ухуэныгъэр сетевой организацэм етыным пыщІа Іуэхум щыхэпльэр.

А псоми ябгъ иткІэ «Хъеббальхъэнерго» зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр щиригъэкІуэкІ щІыпІэм хиубыдэу зыми имейуэ кьагъэта ухуэныгъэу 161-м я тех

● Жыжьэ - гъунэгъу

Адыгэлl хахуэ Цагъуэ Нурий и Iэужь дахэр

Цагъуэ Айтэч и къуэ Нурий (1888 - 1935 гъгъ.) и цIэр зэхэзымыхарэ абы лъэпкъым хуилэжьам щымыгъуазэрэ къыткхэту къыщIэкIынкъым. Ди щIэныгъэлIхэм ямытхауэ щIэщыгъуэ гуэри схужыIэну къыщIэкIынкъым, ауэ жанрым и хабзэхэм дытекIмэ, къагурымыIуэнри хэлъщи, иджыри зэ фигу къэзгъэкIыжынщ а лIы щэджащэм хузэфIэкIар.

ЦАГЪУЭ Нурий совет жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэщ, адыгэ алыфбефир узэщIакIуэ гупым и гъусэу зэхилъхьащ, Урыс-Кавказ зауэжьым и лъэхъэнэм хэкур зрагъэбгынахэм я щIэблэм щыщщ. Щам щынэлъэм хиубыдэ Бир-Аджам къуажэ цIыкIум 1888 гъэм фокIадэм и 17-м къыщалъхуащ, итщ Википедием. ЩIалэ цIыкIур илъэсих фIэкI мыхъуауэ и адэ-анэр зэкIэлъхьэужьу дунейм ехыжри, зэкъуэшхэр хэрыхэнащ я адэ къуэш, тыркудзэм и генерал Цагъуэ Екъуб.

Екъуб и къуэш бынхэр иплащ, Iэщ Iагъэщ Iэныгъэ яригъэгъуэтащ. 1897 гъэм Нурий гимназием щIигъэтIысхьэри къригъэухащ, иужькIэ нэхъыфI дыдэу еджэ ныбжьыщIи 10-м яхэту 1907 гъэм щIагъэтIысхьащ Истамбыл университетым и юридическэ къудамэм.

А лъэхъэнэм ирихьэлIэу тырку меджлисым къыхилъхьащ Iэху тельыджэ - Кавказым икIа мухьэжырхэр хуит къащIащ, Уэсмэн къэралыгъуэм Къурlэныр зэрыщадж тырку тхыбзэжьыр тегъэщIапIэ ящIу, адыгэ алыфбей зэхагъэувэну. Абдеж щыщIидзащ Цагъуэ Нурий и жылагъуэщэнхабзэ лэжьыгъэр.

«Мэшхуэфl Умар, Нэгъущl Суад, Мэт Изэт, Чунэтыкъуэ Мухьэмэд-Алий, Хьид Талхьэт, Агъэмыкъуэ Умар сымэ (иджыри зи цIэр сымыщIэж щIалэ зыбжанэ къытхэту) дыззщIыгъуу тырку-къэрпп тхыбзэмрэ латинымрэ къэдгъэсэбэпурэ адыгабзэ алыфбейм елэжьын щIидзащ. КъищынэмыщIауэ, ди лъэпкъэгъуэхэр зыдэс къуажэхэм къыщыззрагъэпэщат лъэпкъ щэнхабзэм зыщрагъэужь Iэхэущ Iапl эхэр», - итхыжащ Нурий иужькIэ.

А Iэхэущ Iапl эхэм къекIуалIэхэм ахъшэ зэхадзэурэ, студент гупым зыщIагъакъуэрт, я лэжьыгъэр зэпымыун папщIэ. Апхуэдэу, 1910 гъэм къыдэкIын щIидзащ Цагъуэ Нурий зи унафэщI «Гъуаз» газетыр.

1912 гъэм Нурий университетыр къиухащ. А лъэхъэнэращ абы Хьэцыкъ Мэжидрэ КIуращын Iэдамрэ къыщыщIыкуэрт. Хэкужьым къикIа щIалитIым Нурий Къэбэрдейм кърагъэблагъащ, егъэджакIуэу щылэжьэну. Илъэс дэкIри, Нурий хэкум къигъэзэжащ, икIи Цагъуэхэ зыдэса Тамбий къуажэм (Дыгулыбгъуей) дэтIысхьэжащ. Нэlуасэ къыхуэхъуа къэбэрдей щIалитIым зэрыжаIауи, Нурий щIыпIэ мыдрисэм лжьапIэ къыщыхуагъуэтащ адыгэбзэмрэ хьисэпымкIэ егъэджакIуэу.

1935 гъэм мазаем и 7-м Цагъуэр яубдауэ щытащ политикэ щIэпхъаджагъэ зэрихьауэ ягъэхъуаншэу. Ауэ ВКП(б)-м и обкомым и япэ секретарь Къалмыкъ БетIал хуэзфIэкI къимыгъанэу хэлIыкIыхьащ Нурий и Iэхум икIи трагъэхьа пщIым щыхьэт техъуэн гуэри щамыгъуэтым, егъэджакIуэр къаутIыпщыжауэ щытащ.

А илъэс дыдэм, дыгъэгъазэ маззу, лэжьыгъэ Iэхэукlэ Нурий Налшык кьалэ ираджат. Абы кIуэуэ гъэзгу тету, Цагъуэр зэрыс машинэр мылым ирихьэкIащ, гъэзгум тежри, щхьэпридзащ. Шэджам Къундетей Мыдрыщым деж къыщыхъуа насыпыншагъэм хиха фэбжьым кьелакъым Нурий, сихьэтитI дэкIри лIащ, щыщIалъхьэжари щыпсэуа къуажэрщ.

Аращ, гъэкIэщIауэ, къэпIуатэмэ, Цагъуэ Нурий и Iащ Iэр къызэрекIуэкIар. Иджы и творческэ лэжьыгъэм и гугъу тщIынщ.

Нурий хэкужьым къызэригъэзэжрэ илъэсищ дэкIауэ, ар нэIуасэ хуэхъуащ Дым Iэдэм. ЛIы жыджэрщIэр щызэрихьэлIэм, илъэс нэхъ дэмыкIыу къызэIуахащ апэ адыгэ тхыль тедзапIэ. Абы къыщыдагъэкIыу щIадзащ адыгэ тхыбзэм, щэнхабзэм, экономикэм зегъэужьыным теухуа тхыгъэхэр зыгъэнахуэу «Адыгэ макъ» газетыр. Гулыитэ хэха хуащIырт Iэрпыlуатэм: къыдэкIыгъуэ къэс газетым къытехуэрт нарт хъыбарыжьхэр, уэрэдэр, жыIэгъуэхэр, къуажэхэр, псысэхэр. А лъэхъэнэм жылагъуэм зиужьын щIидзащ икIи лъэпкъыIуэ къызэхуэсырт Щэнхабзэм и Бахъсэн Iэхэущ Iапl эм. Ахэр тепсэлъыхьырт художественнэ литературэм, хьэрпи алыфбейр тегъэщIапIэ ящIу ягъэпса адыгэ тхыбзэм зегъэужьын зэрыхуейм.

А гукъыдэжьым зэрихьэ узэщIакIуэхэм я къарур зэхалъхьэри, 1917 гъэм Кушмэзыкъуей къыщыззрагъэпэщащ иджыри зы мыдрисэ. Абы щрагъэджырт тхыдэр, хьисэпыр, диныр, нэгъуэщIхэри. Цагъуэм игу илъат апхуэдэ еджапIэхэр Налшык кьали къыщыззригъэпэщыну. Ауэ къыззщIхьеи революцэм кьыззэпиудащ узэщIакIуэм ирихьэжьа Iэху щхьэпэр.

1919 гъэм Цагъуэр Налшык кьалэ ираджащ «Адыгэ» газетым и редактор нэхъыщIхьэу. А кулыкъыр мазэ фIэкI зэримыхьауэ, Нурий редакцэм къыIуIыжащ, лъэпкъыр куэдкIэ зыщыгугъ, зэфIэкI хьэпэмэтхэр къызэлъыкъуэкIа щIалэщIэ Щоджэнцыкlу Алий езым и пIэ иригъэувэри.

1924 гъэм ирихьэлIэу Цагъуэм лжьыгъэ зыбжанэ зэдихьырт: абы ЛУГ-м, Налшык и курыт еджапIэ зыбжанэм адыгабзэмкIэ щригъаджэрт, Тамбий къуажэ дэт курыт еджапIэм и унафэщIт...

Тхылъхэмрэ интернетымрэ щумыгъуэтын щыIэ! Мыращ, кIэщIу жыпIэмэ, Цагъуэ Нурий теухуауэ дэтхэнэми ищIэр. Сэри абы нэсу къыщIэкIынт хэсщIыкIынур, Нурий ипхъу нэхъыщIэ Тамарэ зэрыузынщIэр, къызэпсэлъэну гупыж зэрищIар телефонкIэ къызжамыIатэмэ. Хэт и гугъэнт сыкъыщалъхуа Дыгулыбгъуей къуажэр адыгэ щIэныгъэм и гущIэ щIэрыIуэ зыщIа лIы щэджащэм и бын срихьэлIэну?!

Цагъуэ Нурий ипхъу Тамарэ, бзылъхугъэ щIыкIафIэр, жаныр, зэпIэзэрытыр, и адэм хуэфэщэж быныр, зэрыжаIауи, къызэжьэрт, и Iэнэр зэтет хьэзыру. Зи ныбжьыр илъэс 90-м фIэкIыжа цIыхубзым «нанэ» хужьпIэну къебгъэкIуркъым: абы и пкъыр уардэу иIыгъщ, и щхьэр лъагэу Iэтауэ щысщ, и нэр къогуфIыкI, щIыкIафIэу и Iэр и куэщIым щызэтедзауэ щэнтым тесу къызоплъ, мэгуфIэ.

- Цагъуэ Нурий теухуауэ тхылъымрэ газетымрэ трамыдза, зыми имыщIэ гуэрым и гугъу къыскхуэпщIамэ нэхъ къэсщтэнут, Тамарэ.

- Ди адэр Уэсмэн къэралыгъуэм къыщалъхуащ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, хэкужьым пэжьжьэу дунейм къытехьащ си адэри, абы и къуэшхэри. Дауэ къыпщыхьырэ илъэсих фIэкI умыхъуу уи адэ-анэр пщрхьэщыкIыну! Насып яIэти, адэ къуэшыфI къащхьэщытащ, щIалэхэр зыхуей хуигъэзащ, иригъэджащ. Узэрыщыгъуазэщи, си адэр 1913 гъэм Къэбэрдейм къигъэзэжащ, тегушхуэри. Дунейм къыщытехьар а щIыпIэ жыжьэрами, фIэхамэт ар ди адэм, и псэр мыбыкIэ къеIэрт. КъекIуэлIэжри, Тамбий хьэблэ дэтIысхьэжащ, и адэ къуэшым си гугъу къыхуищIар Абазэхэти (нэхъапэм ягъэблагъэу, ягъэныбжьэгъуу щыта си гугъэт), абыхэм щепсыхащ. Си анэри - Абазэ Хьэмкуэ - къыщицIыхуар аращ. Си анэр адэжьэкъым, щIэныгъэр бгъэдэлъэкъым, ауэ хуабжьу цIыхубз Iущу щытащ. Уеблэмэ, щыхьыджэбз дэсым чэнджэщакIэ къыхуэхIуэрт, бгырыс цIыхубзхэм я зэхуэсхэм ирагъэблагъэу щытащ. Си адэ-анэр зэрыша нэужь, щIыхьэху защIакIэ унэ-лъапсэ яухуэри, щхьэхуэу тIысыжащ, пхъуищрэ зы щIалэрэ зэдагъэтащ: Жаннагуэ, Сэтэней, сэ, Хьэбжьи.

- Псоми адыгэцIэ щыфIащым, уэ щхьэ Тамарэр къыплъысат?

- Дунейм сыкъыщытехьа жэщым хьэщIэ диIэт. Абы хьэщIагъэ ирахыу, ныжжбэ пщащэ къытхуалъхуащи, фIэпщыр и цIэщ, жраIащ. Тамарэ къысфIищащ хьэщIэм.

- Нурий сыт хуэдэ егъэджакIуэу, узэщIакIуэу, унафэщIу щытами псоми ящIэ. Ауэ сыт хуэдэ адэу щыта ар?

- Ди адэр щIэх дыдэу дунейм ехыжащ, ауэ ар зэи уигу имыхуныж хуэдэу цIыхуфIт *(и нэпсыр къыфIыщIож)*. Емыкlу сыкъыумыщI, си адэм сыщытепсэлъыхьакIэ, зысхуэшыIэрхъым... Ар апхуэдизкIэ цIыху щабэти, зы псэущхьэ егуэуэкIын шынэу, и щхьэр къимыIэту, зрикIуэ гъэзгум еплъырт къыщикIухькIэ. СощIэж, зэгуэр лэжьапIэ зыкиIужауэ къыхуэзащ щхьжэ цIыкIум деж щыс ди жэмым. Ар къимыгъэтэджын папщIэ, бжьыкым къыщхьэпрыщIри, къыдыхьэжат. Апхуэдэу щхьэ пщIа, жысIэу сыщеупщIым, ар хьейуанми, псэ Iутщ, щхьэ зесхуэн хуей унагъуэр дызыгъашхэр, жиIат. Хьэмэрэ, гувауэ нэкIуэжамэ, бжэ макъым дыкъимыгъэушын папщIэ, щхьэгъубжэмкIэ ныдэпщыжу щытащ. Сэ сысымаджэрилэт, сышхэгуейти, сыхьэт бжьгъэкIэ къызбгъэдэсыфынут, къызэуб зэу, къызэIущащэу, мы тIэкIур пшхымэ, абы нэсу къыщIэкIынт хэсщIыкIынур, Нурий ипхъу нэхъыщIэ Тамарэ зэрыузынщIэр, къызэпсэлъэну гупыж зэрищIар телефонкIэ къызжамыIатэмэ. Хэт и гугъэнт сыкъыщалъхуа Дыгулыбгъуей къуажэр адыгэ щIэныгъэм и гущIэ щIэрыIуэ зыщIа лIы щэджащэм и бын срихьэлIэну?!

Цагъуэ Нурий ипхъу Тамарэ, бзылъхугъэ щIыкIафIэр, жаныр, зэпIэзэрытыр, и адэм хуэфэщэж быныр, зэрыжаIауи, къызэжьэрт, и Iэнэр зэтет хьэзыру. Зи ныбжьыр илъэс 90-м фIэкIыжа цIыхубзым «нанэ» хужьпIэну къебгъэкIуркъым: абы и пкъыр уардэу иIыгъщ, и щхьэр лъагэу Iэтауэ щысщ, и нэр къогуфIыкI, щIыкIафIэу и Iэр и куэщIым щызэтедзауэ щэнтым тесу къызоплъ, мэгуфIэ.

- Цагъуэ Нурий теухуауэ тхылъымрэ газетымрэ трамыдза, зыми имыщIэ гуэрым и гугъу къыскхуэпщIамэ нэхъ къэсщтэнут, Тамарэ.

- Ди адэр Уэсмэн къэралыгъуэм къыщалъхуащ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, хэкужьым пэжьжьэу дунейм къытехьащ си адэри, абы и къуэшхэри. Дауэ къыпщыхьырэ илъэсих фIэкI умыхъуу уи адэ-анэр пщрхьэщыкIыну! Насып яIэти, адэ къуэшыфI къащхьэщытащ, щIалэхэр зыхуей хуигъэзащ, иригъэджащ. Узэрыщыгъуазэщи, си адэр 1913 гъэм Къэбэрдейм къигъэзэжащ, тегушхуэри. Дунейм къыщытехьар а щIыпIэ жыжьэрами, фIэхамэт ар ди адэм, и псэр мыбыкIэ къеIэрт. КъекIуэлIэжри, Тамбий хьэблэ дэтIысхьэжащ, и адэ къуэшым си гугъу къыхуищIар Абазэхэти (нэхъапэм ягъэблагъэу, ягъэныбжьэгъуу щыта си гугъэт), абыхэм щепсыхащ. Си анэри - Абазэ Хьэмкуэ - къыщицIыхуар аращ. Си анэр адэжьэкъым, щIэныгъэр бгъэдэлъэкъым, ауэ хуабжьу цIыхубз Iущу щытащ. Уеблэмэ, щыхьыджэбз дэсым чэнджэщакIэ къыхуэхIуэрт, бгырыс цIыхубзхэм я зэхуэсхэм ирагъэблагъэу щытащ. Си адэ-анэр зэрыша нэужь, щIыхьэху защIакIэ унэ-лъапсэ яухуэри, щхьэхуэу тIысыжащ, пхъуищрэ зы щIалэрэ зэдагъэтащ: Жаннагуэ, Сэтэней, сэ, Хьэбжьи.

- Псоми адыгэцIэ щыфIащым, уэ щхьэ Тамарэр къыплъысат?

- Дунейм сыкъыщытехьа жэщым хьэщIэ диIэт. Абы хьэщIагъэ ирахыу, ныжжбэ пщащэ къытхуалъхуащи, фIэпщыр и цIэщ, жраIащ. Тамарэ къысфIищащ хьэщIэм.

- Нурий сыт хуэдэ егъэджакIуэу, узэщIакIуэу, унафэщIу щытами псоми ящIэ. Ауэ сыт хуэдэ адэу щыта ар?

- Ди адэр щIэх дыдэу дунейм ехыжащ, ауэ ар зэи уигу имыхуныж хуэдэу цIыхуфIт *(и нэпсыр къыфIыщIож)*. Емыкlу сыкъыумыщI, си адэм сыщытепсэлъыхьакIэ, зысхуэшыIэрхъым... Ар апхуэдизкIэ цIыху щабэти, зы псэущхьэ егуэуэкIын шынэу, и щхьэр къимыIэту, зрикIуэ гъэзгум еплъырт къыщикIухькIэ. СощIэж, зэгуэр лэжьапIэ зыкиIужауэ къыхуэзащ щхьжэ цIыкIум деж щыс ди жэмым. Ар къимыгъэтэджын папщIэ, бжьыкым къыщхьэпрыщIри, къыдыхьэжат. Апхуэдэу щхьэ пщIа, жысIэу сыщеупщIым, ар хьейуанми, псэ Iутщ, щхьэ зесхуэн хуей унагъуэр дызыгъашхэр, жиIат. Хьэмэрэ, гувауэ нэкIуэжамэ, бжэ макъым дыкъимыгъэушын папщIэ, щхьэгъубжэмкIэ ныдэпщыжу щытащ. Сэ сысымаджэрилэт, сышхэгуейти, сыхьэт бжьгъэкIэ къызбгъэдэсыфынут, къызэуб зэу, къызэIущащэу, мы тIэкIур пшхымэ, щIэхэ ист, акушеру Хьэмидие щылажьэт, курытыр Хьэпэхъуэх я нысэт, ди адэр уэдэу егъэджакIуэт. Нэмыцэ хьэщхьэрыIуэхэм бзаджагъэ куэд зэрахьэу, цIыхубзхэм лей ирахьу зэхихати, дыпIэмэ - дызэгъусэу дыпIэнщ, дыкъелпщ дыкъелащ жиIэри, си шыпхъуитIым я сабийхэр ящIыгъуу къишэжащ ди анэм, тIуми я щхьэгъусэхэр зауэм Iутт, я закъуэу зуиэм щIэсти. 1942 гъэм и шыщхьэуIу мазэм нэмыцэр Бахъсэныпс адрыщIкIэ зэхэтIысауэ, советыдзэр Дыгулыбгъуей дэсу зэхэуэрт. А махуэм зэхэуэр нэхъ гуащIэу къызэрехьэжьати, ди гъунэгъу хъыджэбз къекIуэкIар димыгъэкIыжу, ари, мыдрей сабийхэр щIыунэм дригъэхащ ди анэм, шэ къыфтехуэнщ жиIэри. Адэкlэ къэхъуар зыми къыдгурыIуакъым, и ажал зыхэлъыр арагъэнт - псори дигъэнщIыри, езым жэмыр хэсэшынущ жиIэщ, пэгунышхуэ къищтэри, ди анэр пщIантIэм дэуващ. Асыхьэту къэльата лагъымыр къытехуэри, ди анэр иукIащ.

- АтIэ, зэшыпхъуэхэм уранэхъыщIэу, уи адэ-анэри пщхьэщымытыжу, уи нэхъыжьхэр унагъуэу, дауэ уэсуа?

- Зауэ нэужьым, 1946 гъэм, Налшык кьалэм дэт интернатым сыщIэтIысхьащ. Ар къызэрызухыу, МГУ-м Кавказ къудамэ къыщызэIуахауэ зэхэтхати, Къэбэрдейм дикIри, цIыхуитху дыкIуащ, хъыджэбзитIрэ щIалищрэ. Журналист цIэрыIуэ АфIэунэ Рае сэрэ дызэдеджащ а лъэхъэнэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дызыкIэлъыкIуа факультетыр куэдрэ щыIакъым. ИкIэщIыпIэкIэ зэхуащIыжкIи хуей щыхъуи, щхьэж и гум Iэпих унэтIыныгъэм дыщIагъэтIысхьэну къытхуагъэльагъэурэр, апхуэдэу тхыдэ къудамэм сыкъыщыхутащ. Еджапlэр къэзухри, институтым и лэжьакIуэу сыкъыщынаут, тхыгъэщхуэ къыдэдгъэкIат. А тхыгъэр зэдзэкIауэ Тыркум нэсыжащ. Цагъуэ унэщIэр щилъагъум, институтым къэтхащ Истамбыл дэс си адэ къуэш нэхъыщIэ Фазил. Альандэрэ хэкужьым зыгъэзэжа я къуэшым и хъыбар зымыщIэ си благъэр апхуэдэу къэзагъуэжкри, куэдрэ дызэхуэтхащ. Зэгуэр институтым и лэжьакIуэхэр турист тхылъкIэ Тыркум ирагъэблагъэрт, я нэгу зрагъэужьыну. Абы кIуэнухэм сахэту къыщысщIэм, си адэ къуэшым хуэстхащ Истамбыл и кхъухьтедзапIэм дыщыIуэсыну махуэмрэ сыхьэтымрэ, дызэхуэгъаазэ, дызэрыгъэльагъу, жысIэуи иту. Стхар зыгуэрурэ haIуэ кхъэхури, Истамбыл сымыкIуэну къыщIрагъэдзыжащ. Политикэ IэхэукIэ бзаджагъэ гуэр яужь сиува я гугъауэ къыщIэкIынщ, сымыщIэ. Ауэ щыхъуи, Ахъуэхъу Сэфарбий дех сыкIуэу, си Iэху зыIутыр щыхуэсIуатэм, хэпсэпъыхьащ икIи хуит сыкъащIащ Тыркум сыкIуэну. ЗэрыжысIам хуэдэу, Истамбыл дыщынэсым, жыжьэу сыплъэри, къэсцIыхуащ си адэ къуэшыр - ар ди адэм ещхьт хуабжьу. Сыхьэтитlкlэт адбдеж дызэрыщытынури, кхъухьым и капитаным жесIащ си благъэ къыIухьауэ къызэрыспэплъэр, абы сыкуэзэн зэрыхуейр. СельэIуащ сыкъагъанэу емыжьжьыну. «Арамэ, кхъухьым уемыхыу, езыхэр къыдэгъэкIуеи, уи каютэм хуиту фыщыззэпсалъи нэхъыфIщ», - къызжиIащ капитаным. Апхуэдэуи сщIащ. Си адэ къуэшым и щхьэгъусэмрэ бынищымрэ щIыгъуу къэкIуати, псори кхъухьым къыдрашейри, сыхьэтитlкlэ дыпсалъэу, си адэ-анэмрэ къыздалъхуахэмрэ я хъыбар яхуэсIуатэу дыщысащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, езыхэри еджа защIэт. ЩIалэр США-м щеджэрт, щылажьэрт, хъыджэбзитIым я зыр дохутырт, адрейр - архитекторт.

- Насыпышхуэщ хамэщI щыпсэу уи Iыхьлы зэрымыщIэкIэ къэбгъуэтыжыну. Иджыри фызэхуэтхэрэ, Тамарэ, хэкужьым къебгъэблэгъат?

- Ахэр зэи щыIакъым хэкум. Ауэ зыкъомрэ дызэхуэтхащ. Си адэ къуэшыр дунейм ехыжа нэужь, и щхьэгъусэми, си дэлъхушыпхъуэми къэтхэныр нэхъ кIащхъ ящIри, ауэрэ дызэIэпыхужащ, я хъыбари сщIэркъым.

- Я адэшхуэ цIэрыIуэм и лэжьыгъэм пызыща къахэкIа Нурий и пхъурылъхухэм?

- ФочыщIхэ иса си шыпхъум и къуэ Руслан агроном цIэрыIуэу щытащ. А зым къищынэмыщIа, щIэныгъэм хуэпабгъэ къахэкIакъым си шыпхъу бынхэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, си дэлъху закъуэ Хьэбыжи щIалэ дыдэу дунейм ехыжащ.

- Уэ уи быным-щэ?

- Сэ щIалэрэ хъыджэбзрэ сиIэу арати, щIалэр (Iэмырбий) Ростов щеджауэ, КъБР-м и МВД-м щылажьэу машинэ зэжьэхэуэм хэкIуэдауэ щытащ. Си пхъум, Iэсият, КъБКъУ-м инджылызыбзэмкIэ и кIудамэр къиухащ, лэжьыгъэ Iэхэукlэ США-ми, Канадэми, Инджылызми щыIащ. 1990 гъэм Iэсият дэкIуащ Италием щыщ Мартинелли Мауро. Иджыпстуи Италиеращ щыпсэур, Рим пэмыжьыжьэу. Хъыджэбзым и къуэ закъуэр, Валерио, и адэшхуэм и хэкум къекIуэлIэжауэ, ди КъБКъУ-м щоджэ, си деж щыIэщ.

Хабзэм ипкъ итткIэ, и щхьэ, и унагъуэ, и щхьэгъусэ тепсэлъыхьыну къримыгъэкIуами, Цагъуэ Тамарэ и щхьэгъусэу щытащ Юстицэмкlэ КъБАССР-м и министр къалэныр 1980 гъэхэм зыгъэзэщIа Щоджэн Iэбу.

Тхыгъэр зытеухуэжам деж къэдгъэзэжынщи, илъэси 100 ипэкIэ псэуами, Цагъуэ Нурий и гупсысэхэр нобэрей зэманми къеззгъыу, дэ къыттепсэлъыхьауэ къыпщоху абы и тхыгъэхэм ущриплъэжкIэ. Псалъэм папщIэ, «Хэкужьым ис адыгэхэ!» тхыгъэ кIэщI цIыкIум ар щытопсэлъыхь лъэпкъыр кIуэдыжыгъуэ изыгъэувэнкIэ хъуну Iэхэугъуэхэм (зэрита дыдэу тыдодзэ).

«...**Согупсысри, ди кIуэдыжыгъуэр къызыхэкIынур увыгъуитIу согъуэт**:

1. Ди бзэм дритхэу, дреджэу, щIэныгъэ зэрытхэмылъыжыр.

2. Ди хэкужьыр къыщыдгэныр.

Ялэрауэ, зы зэман ди бжьыгъэр мелуанитщым къемыхьу щытащ, къэралыгъуи, тхыбзи, псэукIи диIащ. Ар дэ дымыщIэжми, тарихым къеIуэтэж. Абы и щыхьэтщ къущхьэхэр «кэсэгункIэ» (тхыбзэ зиIэ жылэ) къызэрыдэджэр. Урыс-Кавказ зауэжьым урысыр къызэрыщыттекIуам хуэдэу, зэгуэр зы лъэпкъышхуэ къыттекIуэри, ди тхыбзи, ди Iэщ Iагъи, зэгъэкIуауэ диIари тIэщIэхуащ. Ди щыхьэрхэр тхуэухуэжакъым, ауэ абы щхьэкIэ хэкур дыбгынакъыми, дыкуэшатэкъыми аращ куэдым дыкъыщIелар. *Нурий*».

Зэрыжьтlагъэххэщи, Цагъуэм псэхугъуэ къезымыту щыта гупсысэхэр ди лъэхъэнэми нэхъ къащэбакъым, бзэм теухуауэ хъапщтэмэ. Ди тхыбзэр зэпэщ хъуами, адыгэр зыхуэIэижьу щыта Iэщ Iагъэхэр къагъэщIэрэщIэжми, зымащIэкIэ дыкъэбэтэжами - а псом я лъабжьэм щIэлъын хуей анэдэлъхубзэр махэщ. Зэманым декIур лIысфIщ жыIэнуэ, гъащIэм къыдэунэху Iэхэугъуэщ Iэхэмрэ техникэмрэ къытхэпшахъуэри, анэдэлъхубзэм гугъу щыздебгъэхьын щымыIэу къэзылъытэр нэхъыбэ хъури, ар зыгъэльапIэм фIыуэ хэщIащ.

Пызощэ гупсысэм Нурий и псалъэкIэ:

«**Нобэ зэхэщIыкIыу диIэм и лей зэхэщIыкI дымыгъэутынумэ, иджыри ды къэмыушынумэ, адыгэр дыкIуэдыжынкIэ шынагъуэщ. Цагъуэкlуадэр сыт жыпIэмэ... ДызытекIуадэрщ...**

Гъэсэныгъэ зэрытхэмылъыжьыр лъандэрэ ди хэку дисыжынщ, дыжьылэнщ жыIэркъым. Ди жылэ, ди жут, ди щIалэ, ди хапIэ тхъумэнщ жыIэркъым. Абы и фIыгъэм ди зэхэщIыкIыр лъэпсырхъым. Дунейр къызэрыхъу лъандэрэ ди адэжьхэм, ди лъэпкъыжьыкъым къыщIэнауэ, зыми залымыгъэкIэ къытедмыхауэ, зыми къыфIэдмытхьэкъуауэ диIэ ди Iыхьэ хьэлэтыр тхъумэн зэрэцхуейр тщIапхъэщ...», - итхыгъащ Нурий. Арактэ тIэ, нобэми къыдэфыкIыр?!

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа лIы Iущым и тхыгъэхэм щытепсэлъыхьырт адыгэр къыщежьам щыщIэдзауэ и псэукIам, Адыгэ хэкум и гъунапкъэхэр щызэпсэу щытам, лъэщIыгъуэ куэдкIэ гупсэхугъуэ жыхуаIэр имыщIэу, и щхьэр ихъумэжьын папщIэ зауэ-банэм хэмыкIыу къызэрыгъуэгурыкIуам, нэщхъеягъуэм нэщхъеягъуэр ныдтехъуэурэ, адыгэм и тхыбзэр зэрыIэщIэхуам, нэгъуэщIхэми. «Жылэм и зы ныкъуэр хамэщIым къыщынащ, и зы ныкъуэр зауэм ихьащ, и зы ныкъуэри Европэм Iэпхъуащ, апхуэдэурэ ди бжьыгъэри, ди жылэ къаурри мащIэ хуащ», - итхащ Цагъуэм.

Бэз щIэныгъэхэм я доктор, профессор Хьэкlуащэ Андрейрэ тхакIуэ, усакIуэ Къалмыкъ Аднанрэ зэхагъэува «Тхыгъэ къыхэхахэм» урипIа нэужь, наIуэ пщохъу Цагъуэ Нурий, егъэджакIуэу, тхыдэджу зэрыщытам и мызакъуэу, философ лъэщу, зи гупсысэр куууэ къыщIэзыгъалъэ узэщIакIуэ дызэриIар. Шэч хэлъкъым, имычэзууэ дунейм емыхыжатэмэ, уейуей жезыгъэIэ философ цIэрыIуэхэм къызэранэкIа лэжьыгъэм хуэдэкIэ Нурий адыгэ лъэпкъым къытхуэупсэну Iэмал зэриIам.

ФЫРЭ Анфисэ.

Цагъуэ зэшыпхъуищыр.

Цагъуэ Нурий и къуэш нэхъыщIэ Фазил и унагъуэр и гъусэу.

Цагъуэ Тамарэ.

Министрым пщэрылъыр егъэзащIэ

● Пшыхьхэр

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм накъыгъэм и 29-м щагъэлъэпlащ lуэхущlапlэм КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм щыгъуу къызэригъэпэща «Комсомолыр илъэси 100 зэрырикъум теухуа очерк нэхъыфl», «2018 гъэм и журналист лэжьыгъэ нэхъыфl», республикэ зэпеуэхэм щытекlуахэмрэ абы хэтахэмрэ.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** и псалъэм къыхигъэщащ хьыбарегъащlэ Iэнатlэхэм я лэжьакlуэхэм цыхубзм я деж и чэзум нахьэс псалъэм мыхьэнэ ин зэриlэр. Къумахуэ Мухьэдинрэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщlым и кьалэнхэр пlалъэкlэ зыгъэзащlэ **Шаваевэ Разиятрэ** зэпеуэхэм пашэ щыхъуа, абы зи зэфlэкlэ щепlыжка журналистхэм хуагъэфэща дипломхэр, щlыхь тхылъхэр, сэугъэхэр иратыжащ икlи абыхэм зыхуагъэзащ я Iэщlагъэм жэуапльныгъэ пылъу дяпэкlи бгъэдыхьэну, екъулIэныгъэхэр щызыlэрагъэхьэну, журналистикэм и пщlэр ямыгъэкlуэдыну.

«Комсомолыр илъэси 100 зэрырикъум теухуа очерк нэхъыфl» зэпеуэр къызэрагъэпэщащ а махуэшхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпlэм ирихьэлIэу. Зэхьэзэхуэм и «Печать хъыбарегъащlэ Iэнатlэхэм я журналистхэм я очерк нэхъыфl» унэтlыныгъэм япэ увыпlэр къыщихьащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент **Васинэ Вероникэ**. Етlуанэ хъыщ КъБР-м Къэрал кlуэцl Iэхьуэкlэ и министерствэм тхыдэмкlэ и музейм и унафэщl, МВД-м и ветеран **Черновэ Алёнэ**. Ещанэ увыпlэр лъагъэсащ «Черекские вести» газетым и лэжьакlуэ **Ольмезов Къубэдий**.

«2018 гъэм и журналист лэжьыгъэ нэхъыфl» зэпеуэр къызэрагъэпэщащ хьыбарегъащlэ Iэнатlэхэм я лэжьакlуэ нэхъыфlхэр ягъэпэжэн папщlэ. Зэхьэзэхуэр унэтlыныгъэ зыбжанэу зэщъхьэщыхауэ щытащ. Апхуэдэхэщ «Печать тхылъ нэхъыфl», «Интернет тхылъ нэхъыфl», «Телепрограммэ нэхъыфl», «Радиопрограмэ нэхъыфl».

«Печать тхылъ нэхъыфl» унэтlыныгъэм пашэ щыхъуахэу «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Текlужь Заретэ**, «Минги Тау» журналым и редактор **Бейтуганов Исмэхьил**, «Горянка» газетым и корреспондент **Битокъу Маринэ** сымэ дипломхэр хуагъэфэщащ. Республикэм и щlыналъэхэм я зэпыщlэныгъэхэмкlэ и департаментым и унафэщl Сучков Виталий пщэрылъ къыщиущlа кьалэн гуапэр. Министрым абы къыбгъдэкl фыщlэ тхылъхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналисттlым яритыжащ, щlыналъэхэм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр сурэтыщl гъуэджэм зегъэужьыным ехьэлIауэ зэрыгъэдэлажьэм теухуа хъыбархэмкlэ зэрызэхъуажэр нэхъри зэрагъэбыдэм, лъэпкъхэм я щэнхабзэ щlэинхэр хъумэным, ахэр гъэбэгъуэным хуэунэтlа лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэрызэфlахым, гъэ къэх ирагъэкlуэкl «Нартхэм я хьугъуэфIыгъуэ» дунейпсо сабий фестиваль-зэпеуэр къызэгъэпэщылъэу жьыджэру зэрыхэтым папщlэ. Фыщlэ тхылъхэр хуагъэфэщащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и къудамэм и редактор **Богачёвэ Иринэрэ** «Адыгэ псалъэ» газетым и журналист, КъШР-м щlыхь зиlэ и журналист **Уэрдокъуэ Женярэ**.

Апхуэдэу зэхьхьэ гуапэм щагъэпэжащ зэпеуэм и унэтlыныгъэхэм я зэхуэдэ щепlыжьа ди лъхьэгъуэхэр.

БЖЫЫХЬЭЛI Роэз.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къалэмырэ Iэдакъэмрэ пагъэна нэху

Куэд мыщlэуи къыдэкlащ Щоджэн Риммэ и «Розэм тедия нэпс» япэ тхылъыр. 2016 гъэм абы къыкlалъэкlуащ и повестымрэ Iуэтэжхэмрэ щызэхуэхьэса «Сыхуиту зи сыхьэт уи гъащlэм щызгъэзгъуэт» тхылъыр. 2017 гъэм дунейм кьытехьащ «Псэм и лэрыпс» и уэрэд тхылъыр. 2019 гъэм Щоджэн Риммэ и повесть кlэщlхэмрэ Iуэтэжхэмрэ щызэхуэхьэса «Свет, зажжённый молнией» тхылъыр уры-сыбзэкlэ зэридзэкlащ Мэрмэкъуэ Ларисэ.

2016 гъэм Щоджэн Риммэ Урысейм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ. Ноби абы и тхыгъэхэм кьыпеща. Зи адэр, адэшхуэр, абы и адэжьыр уэрэджьыкlуэу кьекlуэкlа Риммэ творчествэм хуиlэ лъагъуныгъэмкlэ и бынхэм яхуэупсащ. Абы и тхылъхэр игъэшlэрэщlащ декоративно-прикладной гъуэдзжэм и сурэтыщl Iэщlагъэр иIэу 2005 гъэм КъБКъУ-р екъулIэныгъэкlэ къэзыуха ипхъу Щоджэн-Унэж Залинэ. Ар университетым кьэнэжащ архитектурэ проектэмкlэ, дизайнымрэ ДПИ-мкlэ и кафедрэм и егъэджакlуэ нэхъыжьу. Залинэ и щlэныгъэ тхыгъэ 20-м щlигу кьыдэкlащ, аспирантурэр диплом плъыжькlэ кьиухащ, «Культурологие» унэтlныгъэмкlэ и кандидат диссертацэр и кlэм негъэблагъэ. Ар Урысейм и Дизайнерхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, урысейпсо, дунейпсо, республикэпсо зэпеуэхэмрэ гъэлъэгуэныгъэхэмрэ жьыджэру зыкьыщегъэлъагъуэ, дипломхэр, лауреат щlыхьыщlэр кьыхуагъэфащэу.

Щоджэн зэанэзэпхъэм, тхакlуэмрэ сурэтыщlымрэ, я зэфlэкlхэр адэкlи ягъэкlуэтэну я мурадщ. Аращи, тхылъыщlэхэмрэ сурэтыщlэхэмрэ кьыфпоплъэ!

КОТЛЯРОВ Виктор.

● Дэ кьытхуатх

Гуимыхуж лъэужь

... Анэпсэр бынипсэм кьыльэхуэ...
Бынипсэр анэпсэм йопщlыхь...
Анэпсэр - ар псынащ. Ар - псысэщ.
Ар - Пэатхъащ. Ар тхъэхэм я тхъэжщ...
А тхъар тщхьащытыхукlэ тхуэупсэу,
Дэ сытри тлъэкlын ди гуГъэжщ...
Анэпсэр тщхьащыкlмэ, итlанэ
Нэхъ щыIэу мо дыгъэри кьопс...

ЗИ АНЭР зимыIэжырщ IутIыж Борис и усэ сатырхэм ящlэльэ гупсысэм и куэгъыр нэсу зыхъэзыщlэнур. Анэпсэмрэ бынипсэмрэ я зэпыщlэныгъэр зыгъэкlуэдэфын зы кьаруи щыIэкъым, уеблэмэ ажалри яку кьыдыхьэфынукъым. Пэжщ, дунеягъэкlэ езыхэр зэпэIэщlэ ещl, ауэ яку дэлъ лъагъуныгъэр хуэгъэкlуэдыркъым.

Мы гъэм илъэс 13 ирокъу ди анэр кьыззэрытхэмытыжри, бынми щхьэгъусэми ар дигу щихуа зы махуэ кьэхуэкъым. Дэтхэнэми абы и теплъэр дахэу ди нгум щlэтщ, нэрымыIагъэу гъусэу диIэщ.

Адэ-анэм я жьауэм ущlэтыху гъащlэм кьыщекlэрэхъуэкlэ жьыр зыхэпщlэркъым. Ахэр уиIэху уи дунейр Iэфщ, дахэщ, щхъуэжьаплъыкlэщ. Ауэ зыри пэмыльэщауэ, кьыпемыкlуэкlыфауэ гъащlэм зы хабзэжь иIэщ: псэ зыпыту Тхъэшхуэм кьиГъащlа псоми уахьтэ зырызи къахуиухьжащ.

2006 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м Арщыдан жьлэм щыпсэу Долхэ ди пщlантIэм гуауэр зи Iэпэгъу хабзэжьым и зи чэзу и кьалэныр щигъэззэщlащ. А махуэм дунейм ехыжащ ильэсрэ ныкъуэкlэ узыфэ шынагъуэм пэщlэта ди анэ гумащlэ, щхьэгъусэ пэж Дол Мелхэн. КьиГъэщlар мащlэми, гуимыхуж лъэужь щыщlэринэкlащ абы. А бзылъхугъэр зыцIыуу щытахэм нобэр кьыздэсым ар гуапэу ягу кьагъэкlыж. Мелхэн Арщыдан дэт курыт школ №3-м есэпэмыкlэ егъэджакlуэ щыIэжьащ. Абы зыпэрыт Iуэхр фIыуэ ильаГъурт, иригъаджэ цIыкIуэхр и предметым дригъэхьэхынмкlэ хуэзфlэкl кьиГъанэртэкъым. Иригъэджа куэдым, езыхэм зэрыжаIэжьмкlэ, есэпымкlэ яIэ щlэныгъэр зи фIыщIэу кьалъытэр и егъэджакlуэрщ, жаIэж анэ етIуанэм хуэдэу кьахуэгумащlэу зэрахэтар. Цlыхум сэбэн хуэхъуфыну ищlэмэ, и гуащlи и зэмани щысхьынутэкъым. Балигъми сабийми пщlэшхуэ кьыхуащlу дунейм тетащ.

Гуауэр гум дыркъуэу кьытонэри, гъащlэм адэкlэ зихъуэжауэ, махуэщхэм кьыпхуихь гуфIэгъуэри нэхъ пльыфэншэ хъуауэ. Гъащlэм и архъуанэ бзаджэм зэрыхъукlэ дригъэбыдакъым ди адэм. Сыт хуэдизкlэ ар кьытехьэлъами, быним гуауэр шэчыгъуэдфIэ кьызэрытщlащынум, ди лъэр абы зэрыщIримыгъэхьным хущlэкъуащ. Тхуэзфlэкlыныращи, ди анэм и фэеплъ нэхур сытым дежи ди гум щытхъумэныщ. Абы кьимыщlэщlар ди адэм кьыхупищэну Тхъэшхуэм дольэу.

ДОЛ Ленэ.

● Налшык

ЩIэблэр узыншэмэ...

Налшык дэт Гуманитар-техническэ колледжым щекlуэкlащ щlэблэ узыншэ кьытщIэхъуэным хуэунэтlа Iуэху.

МЫ ЕДЖАПIЭМ мыпхуэдэ зэхьыхьэ купщlафIэхэр егъэджакlуэхэм щIэх-щIэхьуэрэ щрагъэкlуэкl ныбжьыщlэхэр лъэпкъ хабзэхэм щlапlыкlыным, мыхъумыщlагъэхэм щахъумэным теухуауэ. Иужьрейр екьэлат наркотик, щэнныншагъэм пэщlэтным.

Налшык кьалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмкlэ, спортымрэ щlалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ и къудамэмрэ колледжымрэ зэкъуэту яГъэхьэзыра муниципальнэ программэхэм ящыщ зым ипкъ иту кьызэрагъэпэща зэхьэзэхуэхэр нэгуэныжьу икlи дерс щхьэпэхэмкlэ Iэнэщlауэ екlуэкlащ. Команди 5-у гуэшауэ еджакlуэхэм спортым я зэфlэкlэ щагъэлъэгъуащ. Кьимыдэкlэ, ахэр жьыджэру хэтащ, узыншагъэм, хэкупсэ гъэсэныгъэм, акъылыфIагъым кьыхуеязыджэ зэпсэльэныгъэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Гукъинэхэм я гъуэгу»

● Фэеплъ

Налшык кьалэм и Дзэ комиссариатым мы зэманым зэхуэхьэс ди республикэм щыщу Хэку заущхуэм эхтэхэм, зыхьэмэжьныгъэмкlэ промышленностым и предприятиэхэм, Ленинград кьалэр биим кьыщиухуэреяхьам абы дэсахэм ятеухуа хъыбархэр. Ахэр иратэнущ Урысейм Iэщlэкlэ Зэщlэуэзда и Къаруухэм я члисэ нэхъыщхьэу Москва и Iэшэлъашэхэм 2020 гъэм къыщызэIуахынум и пщlантIэм кьыщызэрагъэпэщыну «Хэкупсэ» паркым хиубыдэ «Гукъинэхэм я гъуэгу» комплексым и пхъэбгъуэм.

МЫ IУЭХУР зи жэрдэмыр Урысей Федерацэм Зыхъумэжныгъэмкlэ и министерствэр. Республикэм ис дэтхэнэ зыми кьиГъэхь хъунущ езым и благъэхэм, цIыхуГъэхэм ящыщу щхьэмыгъаззу фронтым Iутэхэм, псэемыблэжу тылым щылажьэхьэм, ди щlыналъэр зи хахуагъэкlэ, пщlэнтIэпскlэ фашистхэм ящыщlыхъумаХэм ятеухуа кьыщlэрабгъэр, абыхэм я сурэтхэр. Ахэр кьыщlэрыхьэн папщlэ «Гукъинэхэм я гъуэгу» сайтым илъхьэн хуейщ. Апхуэдэу къегъэлъэгъупхъэщ мы къыкlэлъыкlуэхэр: лIыхъужьмэ и цIэр, унэщlэ, адэщlэр, кьыщlалъхуа зэманыр, дзэм щраджа зэманыр, дзэм езыджар, щыхэкlуэда зэманыр, кьратада дамыгъэхэр, сурэт (щытраха зэманыр тету), дзэм щиIыгъа кьулыкlэр, мы хъыбархэр кьезыгъэхьан зэрызэпытщlэ хъуну щlэкlэр.

Iэхуэм теухуауэ феупщl хъунущ кьалэ комиссариатым и пэш №8-м щылажьэхэу Кокаевэ Надеждэ Юрий и пхъум, Сухаревэ Наталье Андрей и пхъум. Телефоныр: 8(8662) 77-30-40.

Куэдым ущызыгъэгугъ кlэух

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Спартак-Владикавказ» (Владикавказ) - 3:0 (2:0). Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 31-м. Щlыхь 250-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Холин, Охрименкэ (тIури Мейкьуапэ щыщщ), Городовой (Ставрополь).

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, КIэдакIуей, Белоусов, Ольмезов, Тебэрды, Хьэшыр, Салахетдинов, Дэхъу, Гуэнгъэпщ, Машэжь, Мэшыкъуэ.

«**Спартак-Владикавказ**»: Аршиев, Кочиев, Шавлохов, Качмазов, Альборов, Цараев, Багаев, Камболов, Букия, Базаев, Кучиев.

Топхэр дагъэкlащ: Гуэнгъэпщым, 4 (1:0). Мэшыкъуэм, 26 (2:0). Белоусовым, 78 (3:0).

УРЫСEЙ Федерацэм футболымкlэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекlуэкlа зэхьэзэхуэр «Спартак-Налшык» - «Спартак-Владикавказ» зэпеуэр сайтым илъхьэн хуейщ. Апхуэдэу къегъэлъэгъупхъэщ мы къыкlэлъыкlуэхэр: лIыхъужьмэ и цIэр, унэщlэ, адэщlэр, кьыщlалъхуа зэманыр, дзэм щраджа зэманыр, дзэм езыджар, щыхэкlуэда зэманыр, кьратада дамыгъэхэр, сурэт (щытраха зэманыр тету), дзэм щиIыгъа кьулыкlэр, мы хъыбархэр кьезыгъэхьан зэрызэпытщlэ хъуну щlэкlэр.

Iэхуэм теухуауэ феупщl хъунущ кьалэ комиссариатым и пэш №8-м щылажьэхэу Кокаевэ Надеждэ Юрий и пхъум, Сухаревэ Наталье Андрей и пхъум. Телефоныр: 8(8662) 77-30-40.

«Спартак-Налшык» щlэблэхэм я гъэсэныгъэм ехьэлIауэ щыкlуагъэ зэхуэдэ щыIэ. Ар ирагъэкlуэкlа Спартак-Владикавказ ди лъэныкъуэкlэ щыпсэу Аршиев Аслъан. Ар ди щlыналъэм и очкоищыр зыIэрагъэхьэн хуейт. Абы папщlэ я лъэкl кьагъэнауи пхужьыIэнукъым.

Мы гъэм и гъатхэм зэхьэзэхуэм зэрыщlадзэжри ирагъэкlуэкlа зэIущlэ пщыкlуэм ящыщу зы закъуэ фIэкlа зыфIамыхьа «Спартак-Налшыкым» джэгур хуабжу жьаджэру кьыщlидзащ. Нэрылъагъуэ кlэух зэIущlэр гуIэфIтещlэж ящыну абы хэтхэр зэрыщlэхъуэпсыр. Зэпеуэм и япэ кьекlуэкlыгъуэм Владикавказ щыIэжу я нобэрей къэрхэрэгъуэхэм 1:2-уэ зэрыфIахьам хуэфащэн жэуап иратыну я нэ кьыкlырт хьэщlэхэми. А псоми зэпэщlэтыныгъэр удэзыхьэх ищlырт.

Джэгум щIидзэри дакъикlыплI дэкlауэ арат «Спартак-Налшыкыр» япэ щищам. Гуэнгъэпщ Албэч владикавказдэсхэм я штрафнойм кьыщlыIэрыхьа топыр игъэIэкIуэльэкIуащ икlи Iэзэ дыдэу бжьыгъэр кьызэIуихащ.

Хуабжу дахэ хуауащ 26-нэ дакъикъэм Мэшыкъуэ Аслъам зэгуэрым зыхэта «Спартак-Владикавказым» щхьэкlэ худигъэкlа топир. Ар апхуэдизу лъэщу еуати, кьезыгъэгъэзэфын щlыIэу фIэщщlыгъуейт.

Арати, сыхьэт ныкъуи мыджэгуауэ, зэIущlэм кьрикlуэнур наIуэ хьауащ. Хуэбгъэфэщэну гугъут «Спартак-Владикавказ»-м абы зэхъуэкlыныгъэ гуэрхэр хилъхьэфыну. А Iэхэм ар елIэлIащауи фэ теткъым.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькlи ди щlалэхэр зэрынэхъ жыджэрт. Ахэрат бжьыгъэм зезыгъэхъуэжьыфыну Iэмал гъэззэджэхэр кьызыхуэхуэкlэхэр. Псом хуэмыдэу хьэлъэтыщхуэ иIэт Гуэнгъэпщ Албэч. Арщхьэкlэ мы зэхьэзэхуэм кlэух дахэ езытар Белоусов Никитэщ. Налшыкдэсхэр штрафной щеуэм ар хьэщlэхэм я гъуэм еблэрыкlуащ икlи щхьэкlэ бжьыгъэр 3:0-м ниГъэсащ.

Джэгукlэ дахэ, узыIэпызышэ кьыгъэлъэгъуауэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм кьрахьэлIащ 2018-2019 гъэхэм я зэпеуэр. Псом хуэмыдэу уегъэгуфIэ Трубицин Сергей зи Iэтащхьэ тренер гупым ди щlыпIэм кьыщlалъхуа, зыщlызыгъэса щlалэщlэхэр тегъэщlапIэ зэращlам. Абы фIы кьызэрырикlуари нэрылъагъущ: зэхьэзэхуэм щыпащэжа гъатхэ льандэрэ ирагъэкlуэкlа джэгугъуэ пщыкlутIым я хьэрхуэрэгъуэм кьащыпилIэуэтар зэ закъуэщ. «Спартак-Налшык» футбол клубым фIыIэзэрихьауэ щыта щlыхуэхэри пшынижа зэрыхъуар кьэпльытэмэ, мазэрэ ныкъуэрэ дэкlмэ щIэзыдзэну зи чэзу зэхьэзэхуэм кьалэн пыухыкlахэр гупым дяпэкlэ хуагъэувыну кьыщlэкlынущ.

Гуапэу етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым гъуащlахьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщIиубыдар Краснодар и «Урожай»-м и пашэ ди лъахэгъу Кьалмыкъ Амур. Ар мы зэхьэзэхуэм пщыкlублрэ кьыщlихэжаныкlащ. Абы зы топкlэ кьыкlэрыхущ «Чайка»-м и гъуащхьауэ Подбельцев Александр. «Спартак-Налшыкым» щыджэгу Мэшыкъуэ Ислъам ещанэ хъущ, мы зэхьэзэхуэм топ пщыкlуэ щыдигъэкlауэ.

Зэхьэзэхуэр ирихьэ щхьэкlэ, абы текlуэныгъэр кьыщызыхьар зэхэкlыпапкъым. Махуэ гъунэгъуэхэм унафэ тращыкlынущ «Чайка» - «Черноморец» зэIущlэм Iулъхьэ щlыхьэкlуауэ гурыщхъуэ зэрыхуащlым. Абы елытащ япэ дивизионым кlуэнур хэтми.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекlуэкlа зэхьэзэхуэм и кlэух джэгугъуэм ипкъ иткlэ мэрем кlуам зэхэта зэIущlэхэм къариклуа бжьыгъэхэм: «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **1:7**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Дружба**» (Мейкьуапэ) - **0:1**, «Черноморец» (Новороссийск) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **2:0**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **1:1**, «**Урожай**» (Краснодар) - «**Академия**» (Дон Iус Ростов) - 3:0, СКА (Дон Iус Ростов) - «**Чайка**» (Песчанокопское) – **0:1**.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкlэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018-2019 гъэхэм щекlуэкlа зэхьэзэхуэм къриклуар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Чайка»	28	21	7	0	64-14	70
2. «Урожай»	28	20	7	1	47-19	67
3. «Волгарь»	28	18	5	5	48-22	59
4. «Черноморец»	28	16	4	8	55-23	52
5. «Дружба»	28	15	0	13	33-36	45
6. «Спартак-Налшык»	28	11	10	7	39-29	43
7. «Легион Динамо»	28	11	9	8	30-21	42
8. «Биолог-Новокубанск»	28	11	4	13	32-39	37
9. «Динамо-Ставрополь»	28	10	4	14	36-48	34
10. «Спартак-Владикавказ»	28	8	6	14	34-41	30
11. «Мэшыкъуэ-КМВ»	28	7	8	13	31-40	29
12. «Краснодар-3»	28	7	7	14	37-51	28
13. СКА	28	5	9	14	19-33	24
14. «Ангушт»	28	2	9	17	13-47	15
15. «Академия»	28	2	3	23	11-66	9

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артистка **Сокъур Ольгэ Хьэбалэ и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **Сокъур Хьэбалэ ЛЬостэнбий и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къудзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Кьаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъан, Нэщlэпщlэкъ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Иэз.**



Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Къыдэзыгъэкlэмрэ редакцэмрэ я хэщlапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыгъэ нэхъыщхьэм и къудзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КIУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкlэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щlыуэпсыр хъумэныкlэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкlэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ●